АНТУАН ДЕ СЕНТ-ЭКЗЮПЕРИ

Минкъуий принц

АРГЪАУ АВТОРИ ХУЗТИ ХÆЦЦÆ

Францаг æвзагæй тæлмац

ТÆЛМАЦГÆНÆГ

Хъамболти Тамерлан

Аци киунугæ уагъд æрцудæй
Боллоти Таймурази зæрдиуагæ æнхусæй

Издание осуществлено
при финансовой поддержке
Таймураза Казбековича Боллоева

Дзæуæгигъæу
2017

ББК 84(4 Фр)
С–31

С–31 **Сент-Экзюпери, Антуан де**
Минкъий принц: аргъау автори хузти хæццæ / Антуан де Сент-Экзюпери; францаг æвзагæй тæлмац. Тæлмацгæнæг Хъамболти Тамерлан. – Дзæуæгигъæу: СЕМ, 2017 – 90 ф.

ISBN 978-5-905179-70-9

ББК 84(4 Фр)

Сент-Экзюпери, Антуан де
Маленький принц

ISBN 978-5-905179-70-9

© Издательство «СЕМ», 2017
© Камболов Т. Т. (перевод), 2017

Все права защищены

ЛЕОН ВЕРТÆН

Хатир корун сувæллæнттæй, аци киунугæй устур адæймаги ном ке иссердтон, уой тухæй. Уомæн мин ес уæзгæ æфсонæ: мæнæн а дуйнебæл аци устур адæймагæй хуæздæр хæлар нæйиес. Ес ма мин еу ма æндæр æфсонæ: аци устур адæймаги бон æй алцидæр балæдæрун, саугæнгæ сувæллæнттæн финст киунугутæ дæр. Ес мин æртиккаг æфсонæ дæр: аци устур адæймаг цæруй Франци, уазал æма стонг æйиафгæй. Хъæбæр æй гъæуй, цæмæй ин æ уод еске батава. Кæд еци еугур æфсæнттæ фагæ нæ ‘нцæ, уæд мæ фæндуй аци киунугæй, кæддæр аци устур адæймаг ци сувæллон адтæй, уой ном иссерун. Устуртæ еугур дæр фиццаг сувæллæнттæ адтæнцæ. (Фал ма уой æрмæст еуæй-еуетæ фæгъгъуди кæнунцæ). Уотемæй раст кæнун мæ номерæн:*

Минкъий биццеу ма ку адтæй,
уæди Леон Вертæн

---

* Антуан де Сент-Экзюпери аци киунугæ финста, Франц немуцаг фашисттæ ку байахæстонцæ, еци рæстæг.

I

Еубон, æхсæз анзи мæбæл ку цудæй, уæд, Æгайнæг Гъæди кой ци киунуги адтæй (æ сæргонд – «Æцæг цаутæ»), уоми фæууидтон дессаги хузæ. Хузи адтæй боа-калм[1], цидæр сирд нихъуæргæй. Мæнæ уин еци хузи къопи.

Киунуги загъд адтæй: «Боа-калмтæ ранихъуæрунцæ сæ амæттæгти æнæгъæнæй, æнæууилдæй. Уой фæсте сæ бон фезмæлун нæ бал фæууй æма фæффунæй кæнунцæ æхсæз мæйей дæргъци, цалинмæ сæ хуæруйнаг нæ батайуй, уалинмæ».

Æз уæд берæ фæгъгъудитæ кодтон джунглити царди хабæрттæбæл, удта мæхуæдæг дæр скодтон хуарæн къариндасæй мæ фиццаг хузæ. Фиццаг номер хузæ адтæй мæнæ ауæхæн:

Æз равдистон мæ шедевр устуртæн æма сæ бафарстон, мæ хузæй тæрсунцæ æви нæ.

[1] Боа-калм – æлхъевагæгалм.

– Æма ходæмæ тæссагæй ци ес? – адтæй сæ дзуапп.

Мæ хузæ ходæ не ‘вдиста. Е æвдиста боа-калмæн пил æ ахсæни куд тайуй, уой. Уæд æз схузæ кодтон боа-калмæн æ хурфæ, цæмæй устуртæ гъуддаг балæдæронцæ, уой тухxæй. Уонæн алкæддæр алцидæр лæдæрун кæнун фæгъгъæуй.

Мæ дуккаг номер хузæ адтæй мæнæ ауæхæн:

Устуртæ мин баунаффæ кодтонцæ боа-калмти хузæ кæнун ниууадзун, æндагæрдигæй уа, медæгæрдигæй уа, æма æргом фулдæр географи, истори, математикæ æма грамматикæмæ раздахун. Гъе уотемæй æхсæзанздзудæй мæ къох исистон хузæгæнæги бæллеццаг карьерæбæл. Мæ фицца æма дуккаг номер хузтæ ке нæ фæррæстмæ ‘нцæ, е мин мæ нифс басаста. Устуртæ сæхе зундæй некæд неци балæдæрунцæ, æма сувæллæнттæ исфæлмæцунцæ уонæн алцидæр нæуæгæй-нæуæгмæ амонунæй.

Уотемæй мæ багъудæй æндæр дæсниадæ æвзарун æма сахур кодтон хуæдтæхæг тæрунбæл. Дуйней алли кæрæнтти æрзилдтæн. Æма мин, раст зæгъгæй, географи хъæбæр фенхус æй. Еу æркастæн Китай Аризонæй рартасунгъон адтæн. Е устур агъаз æй, æхсæвигон фæндагæй ку фæррæдуйай, уæд.

Мæ царди медæгæ æз берæ хæттити фембалдтæн берæ уæззаузунд адæймæгти хæццæ. Æз дзæвгарæ рæстæг рацардтæн устуртæмæ. Фæууидтон сæ хъæбæр хæстæгмæ. Æма сæмæ мæ цæстингас хуæздæр æрдæмæ неци уойбæрцæ раййивта.

Уонæй еске хæццæ ку фембæлинæ, иннетæй мæмæ минкъий лæдæрагæдæр ка кастæй, уæхæни хæццæ, уæд æй рафæлваринæ мæ фицца номер хузæй (е мæмæ байзадæй

ивæрдæй). Фæнд ’адтæй мæ базонун, аци адæймаг æцæг лæдæрагæ ‘й æви нæ, уой. Фал мин си алкедæр лæвардта еци-еу дзуапп: «А æй ходæ». Уæд ин нецибал фæззæгъинæ, нæдæр боа-калмтæ, нæдæр æгайнæг гъæдтæ, нæдæр стъалути тухxæй. Мæхе райвæринæ æ зундрахасти фæлгæти. Дзоринæ ин бридж, гольф, политикæ æма хъурбæттæнти тухxæй. Æма устур адæймаг хъæбæр арази уидæ, уæхæн хуæрззунд лæги хæццæ ке базонгæ ‘й, уомæй.

II

Уотемæй фæццардтæн еунæгæй, зæрдиуаг дзубанди ке хæццæ ракодтайнæ, æнæ уæхæн адæймагæй, цалинмæ æхсæз анзей размæ Сахари æдзæрæг рауæни авари не скодтон, уæдмæ. Цидæр басастæй мæ мотори. Мæ хæццæ н’адтæй нæ механик, нæ пассажиртæ, æма уомæ гæсгæ мæхе æрцæттæ кодтон бафæлварун мотор исцалцæг кæнуни зин кустбæл еунæгæй сарæхсун. Е мæнæн адтæй цард кенæ мæлæти фарста. Ниуазуни дон мæмæ къуæрей фагæ дæр н’ адтæй.

Уотемæй фицца æхсæвæ æрхустæн зменсæбæл, мингай милтæй[2] хæстæгдæр цæрæн бунат кæми н’адтæй, уæхæн рауæни. Дæлдон фæууогæ науæй ма тъеуебæл Океани астæу ка райервæзуй, уомæй берæ еунæгдæр адтæн. Æма рагъуди кæнайтæ, ци деси бацудтæн, бонивайæнти мæ кедæр æнахур минæг гъæлæс ку райгъал кодта, уæд:

– Дæ хуарзæнхæй … фус мин схузæ кæнай!

– Ци-и?!

– Фус мин схузæ кæнай …

Æз фæггæпп ластон, цума мæ арв æрцавта, уоййау. Мæ цæститæ рауурстон. Ракæститæ кодтон. Æма фæууидтон

[2] Мил (*англ.* mile) – фæндаги дæргъбарæн бæрцæ.

ænахур минкъий биццеуи. Ædзинæг мæмæ кастæй. Мæнæ а æй æ хуæздæр сорæт, фæстæдæр мин скæнун ка бантæстæй, е. Фал, ке зæгъун æй гъæуй, мæ хузæ оригинали хузæн зæрдæмæдзæугæ нæ ’й. Е мæн фуд нæ ’й. Мæ хузæгæнæг исуни нифс мин устуртæ басастонцæ, æхсæз анзи мæбæл ку цудæй, уæд, æма неци бал сахур дæн хузæ кæнун, боа-калмтæ æндагæрдигæй æмæ медæгæрдигæй уæлдай.

Фур дессагæй мæ цæститæ рацæйхаудтæнцæ, уотемæй кастæн аци фæззиндмæ. Иронх уи ма фæууæд, цæрæн бунæттæй мингай милтæ идарддæр ке адтæн, е. Зæгъун гъæуй уой, æма мæмæ аци минкъий биццеу нæ фæккастæй, нæ, ка радзæгъæлæй, уæхæни хузæн, нæ фæлладæй мæлæг, нæ стонгæй мæлæг, нæ æдонугæй мæлæг, нæ фур тæссæй мæлæг. Нецæмæй æвдиста æдзæрæг будури, цæрæн бунæттæй мингай милтæ идарддæр ка фесавдæй, уæхæн сувæллони хузæ. Исдзорун ку бафæразтон, уæд æй бафарстон:

– Æма … ами ба ци косис?

Е ба мæмæ нæуæгæй исдзурдта хъæбæр фæлмæнæй, фал цума дзубанди хъæбæр ахсгиаг гъуддагбæл цудæй, уотæ:

– Дæ хуарзæнхæй… исхузæ мин кæнай фус…

Адæймаг æгæр устур деси ку бафтуйуй, уæд имæ коммæ нæ бакæсуни нифс нæ бал фæууй. Кæд мæмæ цифæнди æнахур кастæй аци гъуддаг ами, цæрæнбунæттæй мингай милтæ идарддæр æма мæлæтæй тæссаг уавæри, уæддæр исистон мæ дзиппæй къариндас æма стилограф. Фал уайтагъд рагъуди кодтон, фулдæр географи, истори, математикæ æмæ грамматикæ ке ахур кодтон, уой æма загътон (еуминкъий мæстихузæй) и минкъийййæн, хузæ кæнун ке нæ зонун. Е мæмæ исдзурдта:

– Цæй, е неци кæнуй. Исхузæ мин кæнæ фус.

Æз некæд кодтон фусти хузтæ, æма уой тухxæй скодтон, æрмæстдæр ци дууæ хузи кæнун зудтон, уонæй



Мæнæ а æй æ хуæздæр сорæт, фæстæдæр мин скæнун ка бантæстæй, е.

еу – боа-калми хузæ æндагæрдигæй. Æма хъæбæр бадес кодтон, биццеуи дзорун ку фегъустон, уæд:

– Нæ! Нæ! Пил боай хурфи мæ нæ гъæуй. Боа æгæр тæссаг æй, пил ба æгæр устур æй. Мæнмæ ба алцидæр хъæбæр минкъий æй. Мæн фус гъæуй. Схузæ мин кæнæ фус.

Уæд ин скодтон аци хузæ.

Е имæ лæмбунæг æркастæй, æма фæккодта:

– Нæ! А нуредæгæн дæр хъæбæр сæйгæ'й. Скæнæ мин æндæр.

Схузæ бабæй кодтон:

Мæ лимæн æ медбилти фæлмæн, барунхузæй бахудтæй:

– Дæхуæдæг æй хуарз уинис … а фус нæй, а æй фур. Сиутæ ин ес …

Уæд скодтон æндæр хузæ.

Фал бабæй уобæл дæр нæ банвæрстæй:

– А ба æгæр зæронд æй. Мæн гъæуй, берæ ка фæццæра, уæхæн фус.

Бунтон ку стухстæн – мæн тагъд кæнун гъудæй мæ мотор цалцæг кæнунмæ, уæд æрхæнхитæ кодтон мæнæ аци хузæ.

Æма загътон:



– А æй къоппæг. Дæу ци фус гъæуй, е æ хурфи'й.

Æма хъæбæр бадес кодтон, ме 'ригон тæрхонгæнæгæн æ цæсгон ку ниррохс æй, уæд.

– А раст, мæн цæхæн гъудæй, уæхæн æй! Куд дæмæ кæсуй, берæ кæрдæг ин гъæудзæнæй?

– Уобæл мæ цæмæ фæрсис?

– Мæнмæ алцидæр хъæбæр минкъий æй, æма уомæн.

– Ай фагæ си æнæмæнгæ уодзæнæй. Æз дин бунтон минкъий фус равардтон.

Минкъий принц хузæмæ æ сæр æргубур кодта:

– Уотæ минкъий дæр нæй … Кæсай! Æрфунæй æй …

Гъе уотемæй базонгæ дæн Минкъий принци хæццæ.

III

Берæ рæстæг мæ багъудæй, кæцæй фæззиндтæй, уой балæдæрунмæ. Минкъий принц æхуæдæг мæнмæ лæвардта хъæбæр берæ фарстатæ, мæнонтæ ба цума игъосгæ дæр нæ кодта. Æнæнгъæлæги си ци нихæстæ схауидæ, уони рæуагæй мин сабургай алцидæр раргом æй. Зæгъæн, фиццаг хатт мин мæ хуæдтæхæг ку фæууидта (хуæдтæхæги хузæ не скæндзæнæн, мæ бон ибæл нæ цæуй), уæд мæ бафарста:

– А ба ци дзаума æй?

– А дзаума нæ ’й. А тæхгæ фæккæнуй. Хуæдтæхæг æй. Мæн хуæдтæхæг.

Æз мæхецæй хъæбæр сæрустур адтæн, тæхгæ ке фæккæнун, уой ин ке балæдæрун кодтон, уомæй.

– Куд! Ду арвæй æрхаудтæ? – фæгъгъæр кодта Минкъий принц.

– Гъо, – загътон уæзданæй.

– Гъе дин гъе!

Æма Минкъий принц зæрдиуаг къæл-къæл никкодта, æма мæ уомæй хъæбæр рамæстгун кодта. Мæн фæндуй, цæмæй мин мæ бæллæхтæмæ бæстон æргом æздæхт цæуа. Уой фæсте ма бафтудта:

– Мадта ду дæр арвæй æрцудтæ! Кæци планетæй дæ?

Æ фæззинди сосæгдзийнади еу рохси цъита ке фæззиндтæй, уой уайтагъд райахæстон æма ‘й æвеппайди рафарстон:

– Мадта ду æндæр планетæй æрцудтæ?

Фал мин е дзуапп нæ равардта. Мæ хуæдтæхæгмæ æдзинæг кæсгæй, сабургай батилдта æ сæр:

– Раст зæгъгæй, абæл дæ бон нæ ’й хъæбæр идардæй æрбатæхун…

Æма дзæвгарæ рæстæг цæбæлдæр сагъæсти рандæ ’й. Уой фæсте исиста æ дзиппæй мæ фус æма æ хæзнамæ кæсунтæбæл фæцæй.

Уæ цæститæбæл рауайæд, цæйбæрцæ деси мæ бафтудта еци «æндæр планетити» туххæй æрдæгиской. Бафæлвардтон ма си фулдæр еститæ базонунбæл:

– Кæцæй æрбацудтæ, дзæбæх биццеу? Кæми ‘й еци «дæумæ»? Курдæмæ дæ фæндуй фæххæссун мæ фуси?

Еу усмæ фæкъкъех æй, удта бакодта:

– Ци къоппæг мин равардтай, е уомæй хуарз æй, æма ин æхсæвигон хæдзарæн бæздзæнæй.

– Гъай-гъай. Æма хуарз биццеу ку уай, уæд ма дин æз бæттæн дæр ратдзæнæн, цæмæй си бонигон дæ фуси бæттай. Удта ма мех дæр.

Уотæ мæмæ фæккастæй, цума мæ фæндон Минкъий принци деси бафтудта:

– Бæтгæ? Ци æнахур æргъуди æй!

– Æма ‘й бæтгæ ку нæ кæнай, уæд рандæ уодзæнæй, курдæмæ ‘й фæндуй, уордæмæ æма фæдздзæгъæл уодзæнæй…

Ме ’нбал нæуæгæй никъкъæл-къæл кодта:

– Æма цума курдæмæ рандæ уодзæнæй?

–Кумæфæндидæр. Æкъæхтæ’й курдæмæ хæсдзæнæнцæ, уордæмæ…

Уæд Минкъий принц сагъæсхузæй загъта:

– Е неци хилæ кæнуй. Мæнмæ алцидæр уотæ минкъий æй æма!

Удта, цума фенкъард æй, уотемæй бафтудта:

– Дæ къæхтæ дæ курдæмæ хæссунцæ, уордæмæ идард фæццæуæн нæййес…

IV

Уотемæй базудтон дуккаг хъæбæр ахсгиаг гъуддаг: æ райгурæн планетæ хæдзарæй айдагъдæр еуминкъий устурдæр ке адтæй!

Еци хабарбæл æз неци уойбæрцæ бадес кодтон. Æз хуарз зудтон, нæнттæ кæбæл исивардтонцæ – Зæнхæ, Юпитер, Марс, Бонвæрнон, еци устур планетити фæсте ма ке ес сæдæгай æндæртæ, хаттæй-хатт уæхæн минкъийтæ, æма сæ телескопæй дæр зинтæй фæууинæн ес. Астроном еци планетитæй ескæци ку байгон кæнуй, уæд ибæл номи бæсти исивæруй номер. Исхонуй æй, зæгъæн, «астероид 3251».

Мæнæн ес уæзгæ æфсонæ уотæ гъуди кæнунмæ, цума Минкъий принц ци планетæй æрбафтудæй, е æй астероид Б 612. Еци астероид æрмæст еунæг хатт 1909 анзи телескопæй бафеппайдта еу туркаг астроном.

Е уæд е ссирди туххæй исаразта устур равдист Астрономий æхсæнадæмон конгресси. Фал ибæл неке бауæндтæй, æ уæледарæсмæ гæсгæ. Устуртæ уотæ ‘нцæ.



Астероид Б 612 амондæн туркаг диктатор равардта бардзурд, цæмæй æ адæн, мæлæти тæрхони тасæй, райдайонцæ европаг дарæс дарун. Астроном нæуæгæй исаразта равдист 1920 анзи, аци хатт бустæги элегантон дарæси. Æма уæд еугур дæр æ хæццæ исарази æнцæ.

Астероид Б 612 туххæй уин аци листæг хабæрттæ ке ракодтон æма ма уин сауæнгæ æ номер дæр ке раргом кодтон, е устурти туххæй æй. Устуртæ цифритæ уарзунцæ. Нæуæг æнбали кой син ку кæнай, уæд дæ ести ахсгиаг гъуддагæй некæд бафæрсдзæнæнцæ. Некæд зæгъдзæнæнцæ уотæ: «Циуавæр æй æ гъæлæси азæлд? Цæмæй гъазун уарзуй? Гæлæботæ æмбурд кæнуй æви нæ?». Фæрсдзæнæнцæ дæ: «Ци карæн æй? Цал æнсувæри ин ес? Цæйбæрцæ ласуй? Цæйбæрцæ миздæ есуй æ фидæ?». Æма сæмæ æрмæст уой фæсте уотæ фæккæсуй, цума адæймаги хуарз базудтонцæ. Устуртæн уотæ ку зæгъай: «Фæууидтон рæсугъд хæдзарæ, мæтæгхузæ агоридорæй амад, æ къæрæзгитæбæл герандеденгутæ, æ сæрбæл ба бæлæутæ…», уæд уонæн еци хæдзарæ сæ цæститæбæл нæ рауайдзæнæй. Уонæн гъæуй уотæ зæгъун: «Фæууидтон сæдæ мин франки аргъ хæдзарæ». Уæд фæккæндзæнæнцæ: «Ци рæсугъд æй!».



Мадта син уотæ ку зæгъай: «Минкъий принц æцæгæйдæр ке адтæй, уомæн бæлвурдгæнæнтæ ‘нцæ, зæрдесгæ ке адтæй, ходгæ ке кодта æма ‘й фус ке гъудæй, етæ. Еске фус ку гъæуа, уæд е бæлвурд кæнуй, еци ескейæн æнæ ун ке нæййес, уой», уæд етæ сæ усхъитæбæл исхуæцдзæнæнцæ æма дæ сувæллонæй дардзæнæнцæ! Фал син уотæ ку зæгъай: «А ци планетæй æрбафтудæй, е æй астероид Б 612», уæд дæбæл бауæнддзæнæнцæ æма дæ исуæгъдæ кæндзæнæнцæ сæ фарстатæй. Етæ уæхæнттæ ‘нцæ. Уой туххæй сæмæ мæстгун кæнун нæ гъæуй. Сувæллæнттæ устуртæн гъæуама хъæбæр хатиргæнагæ уонцæ.

Фал мах, цард ка лæдæруй, етæ, мах, ке зæгъун æй гъæуй, номертæ нецæмæ дарæн! Æз аци уацау фæлтау райдайинæ алæмæттаг аргъауи хузи. Фæлтау зæгъинæ:

«Цардæй æма адтæй кæддæр еу Минкъий принц. Е цардæй, æхецæй айдагъ еуминкъий устурдæр ка ‘дтæй, уæхæн планети, æма ‘й гъудæй æнбал…». Цард ка лæдæруй, уонæмæ уотæ æцæгдæр фæккæсидæ.

Уой туххæй, æма мæ нæ фæндуй, мæ киунугæ мин уæлæнгай кæститæ кæнонцæ, уой. Мæн хъæбæр уæззау æнкъарæнти бафтаунцæ аци имисуйнæгтæ. Нур æхсæз анзи рацудæй, ме ’нбал æ фуси хæццæ мæнæй ку рандæй, уобæл. Кæд ин æз ами æ сорæт саразунбæл фæлварун, уæд е уомæн, цæмæй æй ма феронх кæнон. Æнкъарддзийнадæ ‘й е – æнбали феронх кæнун. Алкæмæн нæ фæууй æнбал. Гæнæн ес, æма æз дæр, цифритæй уæлдай кæмæ неци мæтæ ес, еци устурти хузæн исуон. Хуарæнти къоппæг æма къариндæстæ дæр ма уой туххæй балхæдтон. Хъæбæр зин æй мæ кари нæуæгæй хузæ кæнун райдайун, дæ цæргæбонти боай æндагæрдигæй æма медæгæрдигæй уæлдай схузæ кæнун, æхсæзанздзудæй, ку нецибал бавзарай, уæд! Æз, æнæмæнгæ, архайдзæнæн, мæ бон ци æй, уомæй, цæмæй сорæттæ оригиналти хузæн фулдæр

уонцæ. Фал мин бантæса, еци нифс мæмæ æнхæст нæййес. Еу хузæ рауайуй, иннæ ба хузæнон æнгæс нæ фæууй. Асæ æвдесгæй дæр еуминкъий фæррæдуйун. Еу рауæн Минкъий принц æгæр устур æй, иннæ рауæн ба æгæр минкъий. Дузæрдуг кæнун æ дарæси хузæбæл дæр. Гъе уотемæй архайун алихузи, ку си ести рауайуй, ку нæ. Рæдуйдзæнæн ахсгиагдæр листæг гъуддæгти дæр. Фал мин е барст фæууæд. Ме ’нбал мин некæд неци лæдæрун кодта. Ка ’й зонуй, кæд мæ æхе хузæн æнгъалдта. Фал æз, гъулæггагæн, къоппити медæгæ ци фустæ ес, уони уинунмæ нæ арæхсун. Æз, æвæдзи, еуминкъий устурти хузæн дæн. Фæззæронд кæнун, æнгъæлдæн.

V

Али бон дæр нæуæг ести базонинæ æ планети туххæй, куд си рацудæй, æ балци куд адтæй, уонæй. Æлвæсгай, æ гъуди æй куд хаста, уотæ æ хабæрттæ æргомдæр кодтонцæ. Уотемæй æртиккаг бон базудтон баобабти хæццæ баст драми хабар.

Аци хатт дæр бабæй гъуддаг рауадæй фуси ‘фсонæй, уомæн æма мæ Минкъий принц, цума устур гурусхи бацудæй, уотæ æвеппайди бафарста:

– Æцæг æй, фустæ къотæртæ ке хуæрунцæ, е?

– Гъо. Æцæг.

– А-а, е мæ зæрдæмæ цæуй.

Æз æй нæ балæдæрдтæн, уотæ ахсгиаг цæмæн адтæй, фустæ къотæртæ хуæрунцæ æви нæ, е. Фал Минкъий принц ма бафтудта:

– Мадта уæд баобабтæ дæр хуæрунцæ?

Æз балæдæрун кодтон Минкъий принцæн, баобабтæ

къотæртæ ке н’æнцæ, фал аргъауæни асæ бæлæстæ, æма æнæгъæнæ пилæргъау дæр ку ‘рбакæна æ хæццæ, уæддæр еунæг баобаб дæр æнæгъæнæй бахуæрун сæ бон не суодзæнæй.

Пилти æргъауи туххæй гъуди Минкъий принцмæ ходæг фæккастæй:

– Кæрæдзей сæрбæл сæ исæвæрун багъудайдæ…

Удта курухонхузæй бафтудта:

– Баобабтæ раздæр, цалинмæ не сирæзунцæ, уæдмæ минкъийтæ фæуунцæ.

– Е уотæ’й, фал дæу цæмæн уотæ фæндуй, æма дæ фустæ минкъий баобабтæ хуæронцæ?

– Мадта куд! – равардта мин е дзуапп, цума дзубанди бунтон бæлвурд гъуддагбæл цудæй, уотæ. Мæн ба багъудæй мæ зунди тухæ еугурæй дæр æрбамбурд кæнун, гъуддаг цæй медæгæ ‘й, уой балæдæруни туххæй.

Минкъий принци планети, иннæ планетити хузæн, задæй хуарз кæрдæгутæ æма лæгъуз кæрдæгутæ. Уомæ гæсгæ си адтæй хуарз кæрдæгути хуарз муггæгтæ æма лæгъуз кæрдæгути лæгъуз муггæгтæ. Фал муггæгтæн

фæууинæн нæййес: римæхстæй фæффунæй кæнунцæ зæнхи буни, цалинмæ си ескæцийæн æ сæрмæ райгъал уни гъуди не ‘рцæуй, уæдмæ. Уæд æхе исивазуй æма, раздæр æфсæрмигæнгæй, хормæ сдаруй минкъий æвæлмас æвзарæ. Мæйболги кенæ мæтæг[3] деденæги æвзарæ ку уа, уæд уадзæ æма æхецæн ираза. Фал дзубанди лæгъуз зайæгойбæл ку цæуа, уæд æй уайтагъд стонун гъæуй, куддæр рабæрæг уа, уотæ. Минкъий принци планети дæр адтæй æбуалгъ муггæгтæ… адтæнцæ баобаби муггæгтæ. Планети зæнхæ си байдзаг æй. Æма еунæг баобаб дæр фæззиндтæй, уæд имæ афойнадæбæл ку нæ фæййарæхсай, уæд си некæд бал фæйервæздзæнæ. Байахæссуй æнæгъæнæ планетæ дæр. Æрхункъитæ ’й кæнуй æ уедæгтæй. Æма планетæ æгæр минкъий ку фæууй, баобабтæ ба æгæр берæ, уæд æй фæйнердæмæ ратонунцæ.

«Е фæткæвæрди фарста æй – дзурдта мин фæстæдæр Минкъий принц. – Сæумæй дæхе ку нихснай, уæд планетæ гъæуй бæстон бафснайун. Дæхецæн гъæуама кæнай рæстæгæй-рæстæгмæ баобабтæ тонуни зин, куддæр син мæтæг деденгути къотæртæй партасуни амал фæууа, уотæ: уони хæццæ хъæбæр æнгæс фæууцæ нæуæгдзудæй. Аци кустæн æ еугæндзондзийнадæй стухсуй адæймаг, фал æнæуой хъæбæр æнцон æй».

Æма мин еубон баунаффæ кодта дзæбæх хузæ скæнун, цæмæй махæрдигон сувæллæнтти сæрти дæр аци гъуди арф бацæуа. «Ескæд балци ку фæццæуонцæ, – дзурдта мин е, – уæд син хъæбæр фенхус уодзæнæй. Еуæй-еу хатт ести кустæн фæстæдæрмæ фæууадзæн фæууй, æнæ зиан æрхæсгæй. Фал баобабтæбæл ку цæуа дзурд, уæд е алкæддæр бæллæх фæууй. Æз зудтон, магоса кæми цардæй, еу уæхæн планетæ. Æ цæстæ не ’рдардта æртæ къотæремæ…».

Æма Минкъий принци амундтитæмæ гæсгæ схузæ

[3] Мæтæг – розæ.

кодтон еци планетæ. Æз æппундæр нæ уарзун ескæмæн зунд амонун. Фал баобабтæ цæййасæ тæссаг æнцæ, е уотæ минкъий зундгонд æй, уотемæй ба, ести астероидмæ ка бадзæгъæл уа, уомæн уойбæрцæ зианхæссæг æнцæ, æма аци еунæг хатт мæхебæл комдзæуæг цæун. Зæгъун: «Сувæллæнттæ! Къæрцгъос уотæ баобабтæмæ!». Æма цæмæй ме ’нбæлттæн базонун кæнон, рагæй уонæмæ æма мæнмæ дæр ка кæсуй, æма сæ фæсонæрхæги дæр ка н ‘адтæй, еци фидбилизи хабар, уой тухxæй уойбæрцæ фæуухери кодтон аци хузæбæл. Ци зонундзийнадæ си дæттун, е мæ гъезæмарæн аккаг аргъ адтæй. Ка’й зонуй, æма уæхе бафæрсдзинайтæ: «Цума аци киунуги баобабтæй уæлдай егъау хузтæ цæмæн нæ ес?». Дзуапп хуæрз хумæтæг æй: «Бафæлвардтон сæбæл, фал мин нæ рауадæнцæ». Баобабтæ ку хузæ кодтон, уæд ба мин нифс лæвардта, фæстиат кæнæн ке нæййес, еци гъуди.



VI

О, Минкъий принц, уотемæй дин æлвасгай базудтон дæ минкъий æнкъард царди хабæрттæ. Берæ рæстæг дин дæхе ерхæфсунæн неци адтæй, хорнигулди афони фæлмæндзийнадæй æндæр. Аци нæуæг хабар ба базудтон цуппæрæймаг бон сæумæй, уотæ мин ку загътай:

– Хъæбæр уарзун хорнигулд. Цæуæн бакæсæн хорнигулдмæ…

– Æма бангъæлмæ кæсун гъæуй…

– Бангъæлмæ кæсун цæмæ?

– Бангъæлмæ кæсун, цалинмæ хор нигулун райдайа.

Фиццаг дин адтæй хъæбæр десхузæ, удта дæхебæл æрхудтæ. Æма мин загътай:

– Алкæддæр цума мæхемæ дæн, уотæ мæмæ фæккæсуй!

Æцæгæйдæр ма. Алкедæр æй зонуй, Еугонд Штатти æмбесбон ку фæууй, уæд Франци ба хор фæннигулуй. Æма хорнигулд фæууинунæн æнгъæд уайдæ, еу минутмæ Францмæ бахъæртун нæ бон ку уайдæ, уæд. Гъигагæн, Франц æгæр идард æй. Фал дæуæн ба, дæ минкъий планети, фагæ адтæй дæ къела цалдæр къахдзæфи бæрцæ раласун. Æма изæрæхседтитæмæ кастæ, кæд дæ бафæндæ уидæ, уæд…

– Еу бон хор цуппор æртæ хатти фæууидтон нигулгæй!

Æма еуминкъий фæстæдæр бафтудтай:

– Зонис…адæймаг æнкъардзæрдæй хорнигулдмæ кæсун уарзуй…

– Мадта еци цуппор æртæ хорнигулдей бони уотæ æнкъард адтæ?

Фал мин Минкъий принц неци дзуапп равардта.

VII

Фæндзæймаг бон, аци хатт дæр бабæй фуси фæрци, раргом æй Минкъий принци царди аци сосæгдзийнадæ. Æвеппайди мæ, æнæ разнихасæй, цума аци фарстабæл раздæр æнæдзоргæй берæ фæссагъæс кодта, уотæ бафарста:

– Кæд фус къотæртæ хуæруй, уæд деденгутæ дæр хуæруй?

– Фус, цæбæлдæриддæр фембæла, уой хуæруй.

– Сауæнгæ синдзгун деденгутæ дæр?

– Гъо. Сауæнгæ синдзгун деденгутæ дæр.

– Мадта ма синдзитæ цæмæн гъæунцæ?

Æз æй нæ зудтон. Еци рæстæг архайдтон, мæ мотори ка ниффедар æй, еци лæсгæр разелунбæл. Хъæбæр тухст адтæн, уомæн æма мин мæ мотор исцалцæг кæнуни нифс сæттун райдæдта. Мæ дон ке фæуд кодта, е ба мæ уомæй хъæбæрдæр таси æфтудта.

– Мадта ма синдзитæ цæмæн гъæунцæ?

Минкъий принц некæд нилæудтайдæ, ци фарста равардта, уомæн æнæ дзуапп райсгæй. Æз ин, мæ лæсгæри мастæй, фиццаг мæ сæрмæ ци дзуапп æрцудæй, уой равардтон:

– Синдзитæ æппундæр нецæмæн гъæунцæ, деденгутæ сæ фур цъаммарæй рауадзунцæ.

– А!

Фал бабæй мæмæ еуминкъий фæстæдæр мæстхузæй багæлста:

– Æз дæбæл не ’ууæндун! Деденгутæ æнæхъаурæ ‘нцæ. Æнæхийнæ ‘нцæ. Сæхецæн, сæ бон куд æй, уотæ нифс дæттунцæ. Синдзити хæццæ сæхемæ хъæбæр тæссаг кæсунцæ…

Æз ин неци дзуапп равардтон. Еци рæстæг мæхецæн дзурдтон: «Аци хатт дæр ма мин аци лæсгæр ку нæ бакома, уæд æй дзæбокæй ниддаудзæнæн». Минкъий принц ба мин нæуæгæй мæ гъудитæ фескъудта:

– Дæумæ ба уотæ кæсуй, цума деденгутæ…

– Нæ! Нæ! Нæ мæмæ кæсуй! Фиццагидæр мæ сæри ци фæккусийнæ’й, уой дин загътон. Æз нуртæккæ ахсгиаг гъуддагбæл архайун.

Е мæмæ десхузæй æрбакастæй.

– Ахсгиаг гъуддаг?!

Æркастæй мæмæ: мæ дзæбокæ мæ къохи, ме ’нгулдзитæ исæрдæнæй сау æзмæнст, уотемæй, уомæ æбуалгъ ка кастæй, еци цидæр дзаумай сæргъи мæхе куд æргубур кодтон, уомæ.

– Устурти дзубандитæ кæнис!

Еуминкъий фефсæрми дæн. Е ба æгъатирæй бафтудта:

– Алцидæр хæлæмултæ кæнис… алцидæр æмæнтъери кæнис!

Е ’цæгæй смæстгун æй. Æ сугъзæрийнæ сæригъунтæ думгæмæ змалдæнцæ.

– Æз зонун сурхцæсгон Уæздан кæми цæруй, еу уæхæн планетæ. Еци Уæздан некæд басмуста деденæгмæ. Некæд скастæй стъалутæмæ. Некæд неке уарзта. Некæд неци куста нимайунæй æндæр. Æма е дæр бон-изæрмæ дæу хузæн дзоруй æмæ дзоруй: «Æз дæн уæззаузунд адæймаг! Æз дæн уæззаузунд адæймаг!». Æхецæй уотæ сæрустур фæууй, æма раст ниддунсуй. Фал е адæймаг нæ ’й, е зокъо æй!»

– Ци æй?

– Зокъо!

Минкъий принц нур ба фур мæстæй фæлорс ниццæй.

– Милиуан æнзти дæргъи дедендгутæ архайунцæ синдзитæ уадзунбæл. Милиуан æнзти дæргъи фустæ уæддæр хуæрунцæ деденгутæ. Æма пайда ци синдзитæй нæййес, уони уадзунбæл сæ уоди бицъинæг цæбæл тонунцæ, уой балæдæрун ахсгиаг гъуддаг нæ ’й? Фустæ æма дедендгути æхсæн тох ахсгиаг гъуддаг нæ ’й? Устур сурхцæсгон Уæздани нимæдзитæй ахсгиагдæр нæ ’й? Æма æз ку зонон, æрмæст мæн планети ке зайуй зубути еунæг деденæг, æгас дуйней æнбал кæмæн нæййес, уæхæн, æма еусæумæ еу минкъий фусæн æ бон уодзæнæй, ци кæнуй уой дæр нæ лæдæрдзæнæй, уотемæй еу усмæмæ еци деденæги æрбайсафун, уæд е ахсгиаг гъуддаг нæ ’й?

Расурх æй æма бабæй нæуæгæй райдæдта:

– Милиуангай стъалутæбæл ци зубути еунæг деденæг ес, уой ка уарза, уомæн е æнгъæд æй, стъалутæмæ кæсгæй, амондгун унæн. Æхецæн фæззæгъуй: «Уоми кæмидæр ес мæ деденæг…». Фал ин æ деденæг фус ку бахуæра, уæд ин еци хабар уодзæнæй, цума æвеппайди стъалутæ еугур дæр нихкустæнцæ, уойййау! Æма е дæр ахсгиаг гъуддаг нæ ’й!

Æ бон дзорун нæ бал адтæй. Æвеппайди богъ-богъæй никкудтæй. Æрæхсæвæ’й. Æз ниууагътон мæ косæнгæрзтæ. Куд нецæййаг мæмæ фæккастæнцæ мæ дзæбокæ, мæ лæсгæр, мæ æдонуг æма мæлæт. Еу стъалубæл, еу планетæбæл, мæнонбæл, Зæнхæбæл адтæй

бараæвдаунгъæуагæ Минкъий принц! Мæ гъæбесмæ ‘й исистон. Раузтон æй. Дзурдтон ин: «Ке уарзис, еци деденæгæн неци тас æй… Æз дин дæ фусæн цъотта схузæ кæндзæнæн… Æз дин дæ деденæги аллифарс кауæ схузæ кæндзæнæн… Æз…» Ци дзурдтайнæ, уой нæ зудтон. Мæхемæ хъæбæр æнарæхст кастæн. Нæ зудтон, кæми ‘йбæл фæххуæст уон, куд имæ бахæццæ уон… Цæстисугти бæстæ… е уотæ сосæг æй…

VIII

Еци деденæги мин тагъд рæстæгмæ хуæздæр базонун бантæстæй. Минкъий принци планети рагæй дæр задæй хуæрз хумæтæг деденгутæ, уонæбæл айдагъ еу рæнгъæ адтæй деденсифтæ. Берæ бунат нæ ахæстонцæ, неке гъигæ дардтонцæ. Сæумæй фæззинниуонцæ кæрдæгути æхсæн æма изæрæй байдуиуонцæ. Фал еубон ба, ка ин ци зонуй, кæцæй æрбафтуйгæ муггагæй, равзурдæй аци деденæг, æма Минкъий принц æ цæстæ нæбал иста иннæ деденгути æвзарти хузæн ка н ‘адтæй, еци æвзарæй. Уæд та ма баобаби нæуæг муггаг æй. Фал къотæр уайтагъддæр хæрдмæ нæ бал ирæзтæй, удта ибæл фæззиндтæй деденæги къубарæ. Минкъий принц, еци ставд къубарæмæ кæсгæй, æнкъардта, уордигæй цидæр дессаг ке разиндзæнæй, уой. Фал деденæг нур ма нæ ма фæцæй æхе рæсугъдтæгонд æ минкъий цъæх уати медæгæ.

Бæстон равзарæ-бавзарæ кодта æ хузтæ. Гæзæмæгай цæттæ кодта æ дарæс, æ деденсифтæ кæрæдзебæл рабарæ-бабарæ кодта. Нæ ‘й фæндадтæй æндæмæ зир-зирагау æнцъулдтæй ракæсун. Уой фæнд ’адтæй дуйнемæ æрмæстдæр æ рæсугъддзийнади тæмæни разиннун. Мадта! Хъæбæр кокет адтæй! Уотемæй ибæл ниддæргъвæтийнæ æнцæ æ дессаги фæлунст цæттæгæнæн бæнттæ. Гъе уæдта еусæумæ, раст хорискасти, æхе равдиста.

Æма уотæ бæстон æхе ка фæррæвдзитæ кодта, е, æ ком райвазгæй, загъта:

– Ох-х! Ци зинтæй райгъал дæн… Бахатир кæнетæ… Мæ сæр æппундæр фаст нæ ма ‘й…

Минкъий принц фур дессагæй æхебæл фæххуæцун нæ бафæразта:

– Ци рæсугъд дæ!

– Æцæгæй! – фæлмæн стуф скодта деденæг. – Игургæ дæр хори хæццæ еу рæстæг ракодтон…

Минкъий принц хуарз балæдæрдтæй, деденæг сæ фур нимдтæй ке н’адтæй, уой, фал æ зæрдæмæ уотæ хъæбæр цудæй!..

– Нур, куд кæсун, уотемæй сехуари афонæ ‘й, – тагъд рæстæги бафеппайдта деденæг, – дæ хуарзæнхæй, мæ кой ма мин бакæнæ…

Æма Минкъий принц, хъæбæр фефсæрми æй, уотемæй байагурдта донпурфгæнæн кæдзос дони хæццæ æма деденæгæн балæггадæ кодта.

Уотемæй, деденæг рæхги Минкъий принци æ хопъали

уæнгæ скодта – разиндтæй æнæбон хъал æма тæргайгæнагæ. Зæгъæн, еубон Минкъий принцæн, æ цуппар синдзей кой кæнгæй, загъта:

– Тигртæ дæр æрбацæуæнтæ, сæ нихти хæццæ!

– Мæ планети тигртæ нæййес, – загъта принц, – удта тигртæ кæрдæг нæ хуæрунцæ.

– Æз кæрдæг нæ дæн, – фæлмæн дзуапп равардта деденæг.

– Бахатир кæнæ…

– Æз тигртæй æппундæр нæ тæрсун, фал мæ дууердæмæ думгæ азари бафтауй. Неци æмбæрзæн дæмæ разиндзæнæй?

«Азар дууердæмæ думгæй…Е зайæгоййæн æнамонддзийнадæ ‘й, – загъта æхенимæр Минкъий принц. – Аци деденæг хумæтæг нæ ’й…»

– Изæрæй мæ агъодæй æрæмбæрздзæнæ. Хъæбæр уазал уæмæ ‘й. Хуарз уæмæ нæ ’й. Æз кæцæй æрцудтæн, уоми…

Фал фæссах æй. Ардæмæ муггаги хузи æрбафтудæй. Неци адтæй æ бон зонун æндæр дуйнети туххæй. Балæдæрдтæй, уæхæн æнæхийнæ сайд цæттæгæнгæй, æхе æгади бунатмæ ке ‘руагъта æма еу-дууæ хатти схуфтæй, цæмæй Минкъий принц æ фуд балæдæра:

– Еци æмбæрзæн?...

– Цæуйнаг имæ адтæн, фал мæ хæццæ дзубанди кодтай!

Уæд деденæг хъæбæрдæр æхе схуфæг кодта, цæмæй Минкъий принц уæддæр æхе фур фæсмонæй бахуæра, уой туххæй.



Минкъий принц ибæл, кæд æй æ уарзондзийнадæ иннердæмæ аразта, уæддæр тагъд рæстæги райдæдта дузæрдуг кæнун. Æ зæрдæмæ арф райста уæлæнгай дзубандитæ æма иссæй хъæбæр æнамонд.

– Нæ имæ гъудæй игъосун, – еухатт мин дæ зæрдæмæ зæрдæ загъта Минкъий принц, – деденгутæмæ некæд гъæуй игъосун. Уонæмæ гъæуй кæсун æма æсмотун. Мæ деденæг æ хуæрздæф рахæлеу кодта мæ планетæбæл, фал æз нæ зудтон уобæл цийнæ кæнун. Еци нихти хабæрттæ мæ уотæ смæстгун кодтонцæ, уотемæй ба мин мæ зæрдæ гъæуама фæлмæндæр фæккодтайуонцæ…

Æма ма мин басастæй:

– Уæд неци ма лæдæрдтæн! Аргъ кæнун ин гъудæй æ гъуддæгтæмæ гæсгæ, æ нихæстæмæ гæсгæ нæ, фал. Е мин лæвар кодта æ хуæрздæф, срохс мин кодта мæ цард. Некумæ мæ гъудæй ледзун! Гъæуама ин балæдæрдтайнæ æ табедзæ æ мæгур сайæнмиути ауон. Дедендгути зæрди уагæ раййев-баййевгæнагæ ‘й. Фал æз нур ма æгæр æригон адтæн, æма ‘й уарзун нæ базудтон.



IX

Уотæ мæмæ кæсуй, цума рацæунæн гъæддаг мæргъти фæлхæтæнæй спайда кодта. Ку цудæй, еци сæумæ æ планетæ бæстон бафснайдта. Хуарз никкæдзос кодта æ содзгæ вулканти хъуртæ. Адтæй имæ дуугæ содзгæ вулкани. Етæ ин хъæбæр агъаззаг адтæнцæ сæумæй сехуар рагъар кæнунмæ. Адтæй ма имæ еу хуст вулкан дæр. Фал, ци нæ фæууй, зæгъгæ, хуст вулканæн дæр никкæдзос кодта æ хъур. Вулкантæн сæ хъуртæ кæдзосгонд ку фæуунцæ, уæд фæссодзунцæ сабур æма еугæндзонæй, æнæ сræмугъдтитæй. Вулканти сræмугъдтитæ тохонай ала ку ссодза, уой хузæн фæуунцæ. Æнæмæнгæй, мах, зæнхон адæн, æгæр минкъийтæ ан вулкантæ кæдзос кæнунмæ. Уой тухæй нин æрхæссунцæ уойбæрцæ бæллæхтæ.

Уой фæсте ма Минкъий принц æрхæндæг зæрди хæццæ студта, фæстагмæ ка фæззиндтæй, еци баобабти æвзартæ. Уотæ æнгъалдта æма фæстæмæ некæд бал æрцæудзæнæй. Фал, ахур кæбæл адтæй, еци куститæ ин аци сæумæ уæлдай æхцæуæн адтæнцæ. Æма деденæгбæл фæстаг хатт дон ку никкодта æма ‘й агъодæй æрæмбæрзуйнаг куд адтæй, уотæ балæдæрдтæй, кæун имæ ке цæуй, уой.

– Хуарзæй байзайæ, – загъта деденæгæн.

Фал ин е неци дзуапп равардта.

– Хуарзæй байзайæ, – нæуæгæй бабæй сдзурдта Минкъий принц.

Деденæг схуфтæй. Фал сæйгæ ке адтæй, уой тухæй нæ.

– Æнæзунд адтæн, – сдзурдта имæ деденæг æппунфæстаг. – Хатир ди корун. Амондгун унмæ тундзæ.

Минкъий принц бадес кодта, уайдзæф ин ке нæ кодта, уобæл. Сахæй лæугæ байзадæй, агъодæ æ къохи даргæй. Нæ лæдæрдтæй аци фæлмæндзийнадæ.

– Гъо. Уарзун дæ, – загъта ин деденæг. – Фал æй ду нæ базудтай… Мæн фудæй. Æма гъуддаг уой медæгæ нæй. Фал ду дæр мæн хузæн æнæзунд адтæ. Амондгун унмæ тундзæ… Ниууадзæ еци агъодæ. Нæбал мæ гъæуй.

– Æма думгæ ба…

– Уотæ сæйгæ дæр нæ дæн… Æхсæви кæдзос уæлдæф мæнæн пайда уодзæнæй. Æз деденæг дæн.

– Æма цæрæгойтæ ба…

– Æз гъæуама бафæразон дууæ-æртæ къудургалмемæн, кæд мæ гæлæботæ фæууинун фæндуй, уæд. Уотæ мæмæ кæсуй, цума хъæбæр рæсугъд æнцæ. Удта мæмæ уотемæй иуазæгуати ка цæудзæнæй? Ду идард уодзæнæ. Кæд устур цæрæгойти кой кæнис, уæд уонæй нецæмæй тæрсун. Синдзитæ мæбæл ес.

Æма еци æнæхийнæй равдиста æ цуппар синдзи. Удта бафтудта:

– Ма дууердæмæ кæнæ, уомæй зæрдæ ресуй. Цæунвæндæ скодтай, уæд цо.

Уой тухxæй, æма ‘й нæ фæндадтæй, Минкъий принц æй кæугæй фæууина, е. Уæхæн сæрустур деденæг адтæй…

X

Минкъий принци планетæ адтæй 325, 326, 327, 328, 329 æма 330 астероидтæмæ æнвахс. Æма уомæ гæсгæ фиццагидæр рабалц кодта уонæмæ: ести гъуддагбæл нихxуæцунмæ æма естæбæлти исахур кæнунмæ.

Фиццаг астероиди цардæй къарол. Къарол тингуйдзармæй фæлунст сæнтсурх мантийи бадтæй хумæтæг, фал уæддæр цæстахедгæ къæлæтгинбæл.

– Æтт! Мæнæ дæлбарæ дæр, – фæгъгъæр кодта къарол, Минкъий принци фæууингæй.

– Куд мæ базудта, ку некæд ма мæ фæууидта, уæд? – рагъуди кодта Минкъий принц.

Е нæ зудта, къаролтæн дуйне хумæтæг арæзт ке æй, уой: адæн син еугур дæр дæлбартæ ‘нцæ.

– Хæстæгдæр мæмæ æрбацо, цæмæй дæ хуæздæр уинон, – сдзурдта имæ къарол, кæдæй-уæдæй кæмæндæр къарол ке æй, уомæй хъæбæр сæрустур уогæй.

Минкъий принц ракæститæ кодта, кæми æрбада, уæхæн бунат агоргæй, фал планетæ æнæгъæнæй дæр æмбæрзт адтæй къароли замманай тингуйдзармæй фæлунст мантийæй. Æма уæд лæугæй байзадæй æма, хъæбæр фæллад ке адтæй, уомæ гæсгæ æ ком райвазта.

– Этикет нæ амонуй къароли рази ком ивазун, – загъта ин монарх. – Æз дин еци барæ нæ дæттун.

– Мæ бон нæ ’й мæхе бауорамун, – загъта Минкъий принц къæндзæстугхузæй. – Идард балци адтæн æма æппундæр нæ ницъцъундæ кодтон…

– Мадта дин, – загъта ин къарол, – дæттун дæ ком ивазуни бардзурд. Берæ æнзти дæргъи неке бал фæууидтон æ ком ивазгæ, æма мæмæ дессаг кæсуй, еске æ ком ку фæййивазуй, е. Гъауай! Еу хатт-ма нибберидзай. Бардзурд дин дæттун.

– Æфсæрми кæнун… Нæ бал æй мæ бон…, – æ цæсгон ниссурх æй, уотемæй дзуапп равардта Минкъий принц.

– Мм-мм!..– бакодта къарол. – Мадта… мадта дин уæд дæттун уæхæн бардзурд, ку дæ ком ивазай, ку ба…

Къарол ма еуминкъий цидæртæ радæгъал-мугъултæ кодта æма цума смæстгун æй.

Уомæн æма къароли фиццаги-фиццагдæр домæн е æй, цæмæй ин æ хецауи кадæ кæнонцæ. Æ коммæ ма кæсонцæ, уомæн нæ бухстæй. Абсолютон монарх адтæй. Фал хъæбæр фæлмæнзæрдæ ке адтæй, уомæ гæсгæ лæвардта æрмæстдæр зундгин бардзурдтæ.

«Зæгъæн, æз мæ инæларæн уæхæн бардзурд ку радтон, – арæх дзоридæ къарол, – денгизи маргъ фестæ, зæгъгæ, æма инæлар мæ бардзурд ку не сæнхæст кæна, уæд, е

инæлари фуд нæ уодзæнæй, фал мæн фуд уодзæнæй».

– Сбадуни барæ мин ес? – фур нимд гъæлæсæй бафарста Минкъий принц.

– Дæттун дин сбадуни бардзурд, – загъта къарол, æма уæзбун фезмæлдæй æ тингуйдзармæй фæлунст мантийæн æ еу къæбазæ райеуварс кодта.

Уæдмæ Минкъий принц деси æфтуйун райдæдта. Планетæ хуæрз минкъий адтæй. Кæми ес ами паддзахеуæг кæнæн?

– Де Стурдзийнадæ… хатир мин бакæнæ, ке дæ фæрсун, уой, – сдзурдта Минкъий принц.

– Дæттун дин мæн бафæрсуни бардзурд, – фæррæвдзæ ‘й къарол.

– Де Стурдзийнадæ… цæбæл паддзахеуæг кæнис?

– Алцæбæл дæр, – хумæтæгхузæй дзуапп равардта къарол.

– Алцæбæл дæр?

Къарол нимдхузæй райамудта къохæй æхе планетæ, æндæр планетитæ æма стъалутæмæ.

– Анæбæл сæ еугуребæл дæр? – бафарста Минкъий принц.

– Анæбæл сæ еугуребæл дæр, – дзуапп равардта къарол.

Уомæн æма æрмæст абсолютон нæ, фал ма дунеон монарх дæр адтæй.

– Æма дин стъалутæ дæ бардзурдтæ æнхæст кæнунцæ?

– Мадта, – загъта къарол, – стъалутæ æнæдузæрдугæй æнхæст кæнунцæ мæ бардзурдтæ. Æз нæ уарзун æгоммæгæсдзийнадæ.

Ауæхæн паддзахеуæгадæ хъæбæр бацудæй Минкъий принци зæрдæмæ. Е дæр уотæ ку паддзахеуæг кæнидæ, уæд æ бон хорнигулдмæ кæсун адтайдæ бон цуппор цуппар хатти нæ, фал æвдай дууæ хатти, кенæ сæдæ, кенæ дууæсæдæ хатти дæр, дæ къела дæр ма фенкъусун кæнæ, уотемæй! Минкъий принц еуминкъий фенкъард æй, æ планетæ æримисгæй, æма æ нифс бахаста къаролæй еу

хуарздзийнадæ ракорунмæ:

– Фæндуй мæ хорнигулд фæууинун… исаразай мин еци æхцæуæндзийнадæ… Раттай хорæн ранигулуни бардзурд…

– Инæларæн ку раттон гæлæбойау еу деденæгæй иннемæ тæхуни, кенæ ба трагеди ниффинсуни, кенæ денгизон маргъ фестуни бардзурд, æма инæлар еци бардзурд ку не сæнхæст кæна, уæд ке фуд уодзæнæй, уой æви мæн?

– Дæу фуд уодзæнæй, – федарæй загъта Минкъий принц.

– Раст зæгъис. Алкæмæй дæр домун гъæуй, æрмæст æ бон ци ‘й, уой, – дзурдта идарддæр къарол. – Хецаудзийнадæн бундор еугурей фиццаг зунд æй. Дæ адæнæй ку бадомай, уæхе билæй денгизмæ багæлдзетæ, зæгъгæ, уæд адæн революци сараздзæнæнцæ. Мæнмæ ес еци барæ – ескæмæй домун мæ бардзурдтæ æнхæст кæнун, уой тухæй æма мæ бардзурдтæ зундгин æнцæ.

– Æма мæ хорнигулд ба? – нæуæгæй бафарста Минкъий принц: е еугæр естæмæй бафарста, уæд некæд иронх кодта æ фарста.

– Уодзæнæй дин хорнигулд дæр. Æз æй бадомдзæнæн. Фал бал бангъæлмæ кæсдзинан, мæ хецаудзийнади фæткæмæ гæсгæ, цалинмæ уавæр амона, уæдмæ.

– Æма е кæд уодзæнæй? – бафарста Минкъий принц.

– М-м! М-м! – агъазиау къæлиндармæ бал æркæсгæй, дзуапп равардта къарол – М-м! М-м! Е уодзæнæй еу…, еу… е уодзæнæй аци изæр авд сахатти æма цуппор минутмæ æнвахс! Æма уæд фæууиндзæнæ, мæ бардзурдтæ куд хуарз æнхæстгонд цæунцæ, уой.

Минкъий принц æ ком райвазта. Ци хорнигулд нæ фæууиндзæнæй, уомæ æ зæрдæ æхсайдта. Уой хæццæ еуминкъий фæлмæцун дæр райдæдта:

– Мæнæн ами неци бал куст ес – загъта къаролæн. – Æз фæццæун!

– Ма цо – загъта ин къарол, еу дæлбарæ ин уæддæр ке

фæцæй, уомæй хъæбæр сæрустур уогæй. – Ма цо, æз дæ министрæй иваерун.

– Цæй министрæй?

– М-м… Тæрхонкæнунади министрæй!

– Æма ами кæмæн тæрхон кæнон, уæхæн ку неке ес.

– Ци бæрæг æй, – загъта къарол. – Мæ паддзахадæбæл дзæбæх нæ ма æрзилдтæн. Хъæбæр зæронд дæн, къаретæн мин бунат нæййес, фестæгæй ба фæллайгæ кæнун.

– Гъо! Фал æз нуредæгæн фæууидтон – Минкъий принц бабæй нæуæгæй ниггубур кодта, цæмæй ма планети иннæ фарсмæ еу хатт никкæса, уой тухæй, – бунæй дæр си неке ес…

– Мадта дæхецæн тæрхон кæндзæнæ, – загъта ин къарол. – Уомæй зиндæр неци ес. Адæймагæн æхецæн

тæрхон кæнун берæ зиндæр æй, ескæмæн тæрхон кæнунæй. Дæхецæн тæрхон кæнун кæд дæ бон æй, уæд е де ‘цæг курухондзийнадæбæл дзорæг æй.

– Мæнæн, – загъта Минкъий принц, – кæмифæнди дæр æй мæ бон мæхецæн тæрхон кæнун. Ами цæруни сæр мæ нецæмæн гъæуй.

– М-м! М-м! – загъта къарол, – уотæ мæмæ кæсуй, цума мæ планети кæмидæр еу зæронд уру цæруй. Фегъосун æй æхсæвигон. Дæ бон уодзæнæй еци зæронд уруйæн тæрхон кæнун. Рæстæгæй-рæстæгмæ ин маруни тæрхон хæсдзæнæ. Уотемæй æ цард уодзæнæй дæ тæрхони барæ. Фал бабæй ин алли хатт дæр хатир кæндзæнæ, уомæн æма гъæуайкæнуйнаг æй. Еунæгæй æндæр нæ’й.

– Мæ зæрдæмæ, – загъта Минкъий принц, – нæ цæуй маруни тæрхон хæссун. Æма рандæ уодзæнæн.

– Нæ, – загъта къарол.

Минкъий принц, кæд цæунмæ срæвдзæ’й, уæддæр æй æппундæр нæ фæнд ’адтæй зæронд къароли зæрди маст бауадзун:

– Кæд Де Стурдзийнади уотæ фæндуй æма дин дæ бардзурдтæ æнæмæнгæй æнхæст кæнонцæ, уæд дæ бон æй мæнæн зундгин бардзурд раттун, зæгъæн, цæмæй еу минут дæр мабал фæстиат кæнон. Уотæ мæмæ кæсуй, цума уавæр уотæ амонуй…

Къарол неци дзуапп равардта, æма Минкъий принц раздæр раракæнæ-бакæнæ кодта, удта æ фæндагбæл рараст æй.

– Æз дæ ивæрун мийнæварæй, – æ фæсте ма рагъæр кодта къарол.

Хъæбæр хецаухуз ин адтæй.

«Хъæбæр æнахур æнцæ аци устуртæ», – загъта æхе нимæр Минкъий принц, æ фæндаги кой кæнгæй.

XI

Дуккаг планети цардæй кадæуарзæг:

– А! А! Мæнæ кадæгæнæг æрбацудæй! – фæгъгъæр кодта кадæуарзæг, куддæр Минкъий принци идардæй рауидта, уотæ.

Уомæн æма кадæуарзæг адæймаги цæсти иннæ адæн сæ еугурдæр кадæгæнгутæ ‘нцæ.

– Дæ бон хуарз, – загъта Минкъий принц. – Ци æнахур ходæ дæбæл ес.

– Е саламдæттæн ходæ ‘й. Е æй салам дæттунæн, кадæ мин ку фæккæнунцæ, уæд. Гъигагæн, абæлти неке некумæ фæццæуй.

–Æцæгæй? – сдзурдта Минкъий принц, неци балæдæрдтæй, уотемæй.

– Æрæрдзæф-ма кæнай, – загъта ин кадæуарзæг.

Минкъий принц æрæрдзæф кодта. Кадæуарзæг ин уæздан салам равардта, æ ходæ исесгæй.

«А ба къаролæй дæр ходæгдæр ку æй», – рагъуди

кодта Минкъий принц. Æма бабæй нæуæгæй райдæдта æмдзæгъд кæнун. Кадæуарзæг ба ин нæуæгæй райдæдта салам дæттун, æ ходæ есгæй.

Фондз минуттей бæрцæ уотæ ку рафæлтæрдтонцæ, уæд Минкъий принц бафæлладæй гъазти еугæндзондзийнадæй:

– Æма цæмæй ходæ æрхауа, – бафарста Минкъий принц, – уой тухxæй ци бакæнун гъæуй?

Фал æй кадæуарзæг не ’гъуста. Кадæуарзгутæ некæд неци фегъосунцæ, æппæлæн дзубандитæй æндæр.

– Æцæгæй мæнбæл хъæбæр деси æфтуис? – бафарста Минкъий принци.

– Æма е ба ци амонуй «деси æфтуйун»?

– Деси æфтуйун амонуй, аци планети еугуремæй рæсугъддæр, еугуремæй арæзтдæр, еугуремæй гъæздугдæр æма еугуремæй зундгиндæр æз ке дæн, уобæл арази ун.

– Æма дæ планети еунæг ду ку дæ!

– Еци æхцæуæндзийнадæ мин скæнæ. Уæддæр бафтуйæ мæнбæл деси!

– Æфтуйун дæбæл деси, – загъта Минкъий принц, æ усхъитæбæл исхуæцгæй, – фал дин уомæй ци пайда ес?

Æма Минкъий принц ледзæг фæцæй.

«Аци устуртæ æцæгæйдæр хъæбæр æнахур æнцæ», – æрмæст ма рагъуди кодта Минкъий принц, æ фæндаг идарддæр хæсгæй.

XII

Иннæ планети цардæй расуггæнагæ. Минкъий принц уоми берæ нæ бафæстиат æй, фал си хъæбæр ниммæтъæл æй:

– Уой ци косис? – бафарста расуггæнаги, ревæд æвгити æмæ идзаг æвгити рæнгъити рази æй æдзæмæй бадгæй ку фæууидта, уæд.

– Ниуазун, – дзуапп равардта расуггæнагæ еци гъунтъузæй.

– Æма цæмæн ниуазис? – байфарста Минкъий принц.

– Цæмæй феронх кæнон, – дзуапп равардта расуггæнагæ.

– Цæмæй ци феронх кæнай? – бафарста бабæй Минкъий принц, расуггæнагæн тæрегъæд кæнун райдæдта, уотемæй.

– Цæмæй феронх кæнон, ходуйнаг мин ке ‘й, уой, – раргомзæрдæ ‘й расуггæнагæ æма æ сæр æруагъта.

– Ци дин æй ходуйнаг? – бафарста нæуæгæй Минкъий принц: хъæбæр æй фæнд ’адтæй расуггæнагæн естæмæй банхус кæнун.

– Ниуазгæ ке кæнун, е! – балхий кодта расуггæнагæ æма бунтондæр нигъгъос æй.

Æма Минкъий принц рараст æй идарддæр зæрдæсастæй.

«Устуртæ æцæгæйдæр хъæбæр-хъæбæр æнахур æнцæ», – дзурдта æхецæн Минкъий принц, æ фæндаг даргæй.

XIII

Цуппæрæймаг планетæ адтæй бизнесмени. Е уотæ æневдæлон адтæй, æма æ сæрбæл уæлæмæ дæр не схуæстæй, Минкъий принц имæ ку бацудæй, уæд.

– Дæ бон хуарз! – сдзурдта имæ Минкъий принц. – Дæ тамаку ниххустæй.

– Æртæ æма дууæ уодзæнæй фондз. Фондз æма авд – дууадæс. Дууадæс æма æртæ – финддæс. Дæ бон хуарз! Финддæс æма авд – дууин дууæ. Дууин дууæ æма ’хсæз – дууин аст. Е сасодзунмæ мин рæстæг нæйййес. Дууин æхсæз æма фондз – æртин еу. Уф! Уотемæй мæмæ рауадæй фондзсæдæ еу милиуан æхсæзсæдæ дууин дууæ мини авдсæдæ æртин еу.

– Фондзсæдæ милиуани цитæ?

– М-м? Ами ма дæ? Фондзсæдæ еу милиуан … нæбал æй гъуди кæнун … Уойбæрцæ кусти тæ мин ес! Æз уæззаузунд адæймаг дæн, æз дзæгъæл дзæнгæдатæбæл нæ дæн! Дууæ æма фондз – авд …

– Фондзсæдæ еу милиуан цитæ? – нæуæгæй бабæй бафарста Минкъий принц: е æ цæргæбонти æ еу фарста дæр некæд ниууагъта, еугæр æй ку сивардтайдæ, уæд, цалинмæ ин дзуапп райстайдæ, уæдмæ.

Бизнесмен схуæстæй æ сæрбæл:

– Аци планетæбæл ци фæндзай цуппар анзи цæрун, уони дæргъи мæ æрмæст æртæ хатти багъигæдардæ уидæ. Фиццаг хатт е адтæй дууин дууæ анзей размæ, ардæмæ еу гæдикъо ку фæззиндтæй, Хуцау æ зонæг, кæцæй, уæд. Æверхъау гув-гув исиста æма мæ нимади цуппар рæдуди скодтон. Дуккаг хатт ба, еуæндæс анзей размæ, индиси фудæй. Ме уæнгтæ ке не змæлун кæнун, уомæ гæсгæ. Рауай-бауайтæн мин рæстæг нæйййес. Æз хъæбæр уæззаузунд дæн. Æртиккаг хатт … мæнæ нур. Уотемæй мадта фондзсæдæ еу милиуан …

– Милиуан цитæ?

Бизнесмен балæдæрдтæй, æнцад æй ке нæ бал ниууадздзæнæнцæ, уой:

– Милиуантæ уæлæ арвбæл хаттæй-хатт ка фæззинну́й, еци минкъийтæй.

– Биндзитæ?

– Нæгъ, æрттевгæ ка кæнуй, еци минкъий цидæртæ.

– Мудибиндзитæ?

– Нæгъ, зæрийнæхуз минкъий цидæртæ, мæнæ магосати бæллецти ка ранигулун кæнуй, етæ. Фал æз уæззаузунд дæн, мæнæн бæллецтæ нивæндунæн рæстæг нæйййес.

– А! Стъалутæ?

– Гъо, етæ. Стъалутæ.

– Æма фондзсæдæ милиуан стъалуйæй ци кæнис?

– Фондзсæдæ еу милиуан æхсæзсæдæ дууин дууæ мини авдсæдæ æртин еу. Æз уæззаузунд дæн, æз бæлвурд адæймаг дæн.

– Æма еци стъалутæй ци кæнис?
– Ци си кæнун?
– Гъо.
– Неци. Етæ мæн æнцæ.
– Дæу æнцæ?
– Гъо.
– Æз ма фæууидтон уæхæн къароли…
– Къаролтæмæ æппундæр неци ес. Етæ «паддзахеуæг» кæнунцæ. Е ба æндæр гъуддаг æй.
– Æма дæуæн ци пайда æй, стъалутæ дæу ке ‘нцæ, е?
– Е мин гъæздуг унæн пайда æй.
– Æма дин гъæздугдзийнадæ ба ци пайда æй?
– Æндæр стъалутæ æлхæнунмæ, кæд сæ еске иссера, уæд.
«А дæр, – æхе нимæр загъта Минкъий принц, – еуминкъий еци расуггæнаги хузæн гъуди кæнуй».
Уæддæр ма имæ равардта фарстатæ:
– Куд уæн ес æма стъалутæ еске уонцæ?
– Мадта ке ‘нцæ? – бахъур-хъур кодта бизнесмен.
– Нæ зонун. Неке.
– Мадта мæн æнцæ, уомæн æма уобæл æгасемæй раздæр æз рагъуди кодтон.
– Æма е фагæ ‘й?
– Бæлвурдæй. Налхъут-налмас ку ссерай, æма ку неке уа, уæд дæу æй. Сакъадах ку ссерай, æма ку неке уа, уæд дæу æй. Еугурей фиццаг дæу сæрмæ ести гъуди ку æрцæуа, уæд ибæл патент райсæ, æма дæу æй. Стъалутæ дæр мæн æнцæ, уой туххæй æма мæнæй раздæр неке рагъуди кодта уони æхе бакæнунбæл.
– Е уотæ ‘й – загъта Минкъий принц. – Æма стъалутæй ци аразис?
– Æз син æвæрун фæткæ. Банимайун сæ, удта бабæй сæ нæуæгæй ранимайун, – загъта бизнесмен. – Е зин æй. Фал æз уæззаузунд дæн!

Уæддæр Минкъий принцмæ е фагæ нæ фæккастæй.
– Мæнмæ хъурбæттæн ку уа, уæд æй мæ бон æй мæ хъурбæл бабæттун æма дарун. Деденæг мæмæ ку уа, уæд æй мæ бон æй æртонун æма фæххæссун. Дæуæн ба дæ бон нæ ’й стъалутæ æресун!
– Нæ ’й, фал сæ мæ бон æй банки сивæрун.
– Е ба куд?
– Е ба уотæ, æма гæгъæдий гæбазæбæл ниффинсун ме стъалути нимæдзæ. Удта и гæгъæди лагъзи нивварун æма лагъз дæгъæлæй рахгæнун.
– Æма уобæл фæцæй?
– Е фагæ ‘й!
«Æнахур дессæгтæ, – рагъуди кодта Минкъий принц. – Поэтикон рахаст дæр ма син ес, фал уæззау зундрахастмæ неци барæ дарунцæ».
Уæззаузунд миути туххæй Минкъий принц устурти хузæн нæ гъуди кодта, уомæ æхердигон цæстингас адтæй.
– Мæнмæ, – загъта Минкъий принц нæуæгæй, – мæнмæ ес деденæг æма ибæл алли бон дæр фæккæнун дон. Ес мæмæ æртæ вулкани, æма син сæ хъуртæ фæккæдзос кæнун алли къуæре дæр. Хуст вулкан дæр фæккæдзос кæнун. Ци нæ фæууй... Мæ вулкантæн е агъаз æй, удта мæ деденæгæн дæр агъаз æй, мæн ке ‘нцæ, е. Фал ду неци агъаз дæ стъалутæн…
Бизнесмен бахæлеу кодта æ гъæлæс, фал ести зæгъунмæ нæбал сарæхстæй, æма Минкъий принц рандæ ’й æ фæндагбæл.
«Æнæмæнгæй аци устуртæ бунтон æнахур æнцæ», – æхецæн дзурдта Минкъий принц цæугæ-цæун.

XIV

Фæндзæймаг планетæ хъæбæр цæмæдессаг адтæй. Адтæй еугурей минкъийдæр. Раст си еу фанар æма еу фанарасодзæги фагæ бунат адтæй. Минкъий принцæн æ бон балæдæрун н ‘адтæй, кæмидæр арвбæл, нæдæр хæдзарæ, нæдæр цæрæг кæми нæййес, еци планети фанар æма фанарасодзæг цæмæн гъудæнцæ, уой. Уæддæр æхецæн загъта:

«Ка’й зонуй, æма аци адæймаг æнæсæрфат æй. Фал къарол, кадæуарзæг, бизнесмен æма расуггæнагæ амæй берæ æнæсæрфатдæр æнцæ. Æппун неци, фал æ кусти медес уæддæр ес. Æ фанар ку ссодзуй, уæд цума нæуæг стъалу райгурун кæнуй, кенæ деденæг. Æ фанар ку ниххуссун кæнуй, уæд ба цума стъалу кенæ деденæг æрфунæй унцæ. Хъæбæр рæсугъд куст æй. Æма æцæгæй пайда æй, рæсугъд ке æй, уомæ гæсгæ».

Минкъий принц еци планетæмæ ку бахъæрттæй, уæд цитæгæнæн салам равардта фанарасодзæгæн:

– Дæ бон хуарз! Цæмæн ниххуссун кодтай гъенуртæккæ дæ фанар?

– Уагæвæрд уотæ амонуй, – дзуапп равардта фанарасодзæг. – Дæ бон хуарз.

– Циуавæр уагæвæрд?

– Мæ фанар хуссун кæнуни уагæвæрд. Де ’зæр хуарз.

Æма бабæй нæуæгæй фанар ссугъта.

– Æма бабæй æй нæуæгæй цæмæн ссугътай?

– Уагæвæрд уотæ амонуй, – дзуапп равардта фанарасодзæг.

– Неци дин лæдæрун, – загъта Минкъий принц.

– Неци си гъæуй лæдæрун, – загъта фанарасодзæг. – Уагæвæрд уагæвæрд æй. Дæ бон хуарз!

Æма ниххуссун кодта æ фанар.

Уой фæсте расæрфта æ тæрних сурх киртæ фийсæрфæнæй.

– Æбуалгъи уæззау куст кæнун ами. Кæддæр си адтæй медес. Ниххуссун кæнинæ фанар сæумæй æма ‘й ссодзинæ изæрæй. Бони иннæ хай ба мæн адтæй мæ фæллад суадзунмæ, æхсæви иннæ хай ба фунæй кæнунмæ…

– Æма еци дзамани фæсте уагæвæрд æййевгæ ракодта?

– Уагæвæрд нæ раййивта,– загъта фанарасодзæг. – Бæллæх дæр гъе уой медæгæ ‘й! Планетæ анзæй-анзмæ

тагъддæргæнгæ зилдæй, уагæвæрд ба æййевгæ нæ кодта.

– Æма? – бафарста Минкъий принц.

– Æма нур минутмæ еу зилд кæми кæнуй, уоми мин еу секунд дæр нæ бал ес мæ фæллад уадзунмæ. Алли минут дæр æй еу хатт ссодзун æма нихxуссун кæнун.

– Ци ходæг æй! Бæнттæ дæмæ еу минутти дæргъцæн æнцæ!

– Е æппундæр ходæг нæй, – загъта фанарасодзæг. – Нур еу мæйæ дзубанди кæнæн кæрæдзей хæццæ.

– Мæйæ?

– Гъо. Æртин минутти. Æртин бони! Де ’зæр хуарз.

Æма нæуæгæй фанар ссугъта.

Минкъий принц имæ кастæй, æма æ зæрдæмæ хъæбæр цудæй аци фанарасодзæг, уагæвæрд уотæ æновудæй ка ‘нхæст кодта, е. Æ зæрдæбæл æрлæудтæй, кæддæр хорнигулдтæ фæййинуни тухxæй къела куд раласæ-баласæ кодта, е. Байфæндæ адтæй е ’нбалæн банхус кæнун:

– Игъосай, æз зонун мадзал, цæмæй дæ ку бафæндæ уа, уæд дæ фæллад уадзай, уомæн.

– Еудадзуг дæр мæ фæндуй, – загъта фанарасодзæг.

Уомæн æма еци-еу рæстæг ес кустбæл æновуд ун æма зийнадæгæнагæ ун дæр.

Минкъий принц идарддæр дзурдта:

– Дæ планетæ уотæ минкъий æй æма ибæл æртæ гæппемæн æрзелдзæнæ. Æма уотæ сабургай цо, еудадзугдæр дæмæ хор куд кæса. Ку дæ бафæндæ уа дæ фæллад суадзун, уæд цо æма цо, æма дæ бон, цæйбæрцæ дæ бафæндæ уа, уой дæргъцæн уодзæнæй.

– Е мин берæ агъаз нæ фæууодзæнæй. Царди медæгæ фунæй кæнунæй фулдæр неци уарзун.

– Еци амонд дæ нæ уодзæнæй.

– Еци амонд мæ нæ уодзæнæй, – загъта фанарасодзæг. – Дæ бон хуарз.

Æма æрхуссун кодта æ фанар.

«Ай, – æхе нимæр гъуди кодта Минкъий принц, æ фæндаг даргæй, – ай нецæмæ дардзæнæнцæ иннетæ: къарол, кадæуарзæг, расуггæнагæ, бизнесмен. Уотемæй ба мæмæ еунæг а нæ кæсуй ходæг. Ка’й зонуй, æма æхе мæтæ ке нæ кæнуй, уой тухxæй».

Фæсмони уолæфтæй ниууолæфтæй æма бабæй æхецæн загъта:

«Æрмæст амæй мæ бон адтайдæ мæхецæн æнбал скæнун. Фал æ планетæ æцæгæй æгæр минкъий æй. Дууемæн си бунат нæййес …».

Минкъий принц не ’ууæндтæй æхецæн уобæл басæттун, æма аци арфæгонд планетæ æ цæстæ ниууадзун фулдæр уой тухxæй нæ уарзта, æма си дууин цуппар сахаттемæ мин цуппарсæдæ цуппор хорнигулди ке æрцæуй!

XV

Æхсæзæймаг планетæ адтæй дæс хатти егъаудæр. Цардæй си зæронд Уæздан лæг. Е финста бæзгин киунугутæ.

– Кæсай! Мæнæ ма еу сгарæг! – фæгъгъæр кодта е, Минкъий принци ку рауидта, уæд.

Минкъий принц стъоли уæлгъос æрбадтæй æма ниууолæфтæй. Уæхæн даргъ балци адтæй!

– Кæцæй цæуис? – байфарста зæронд Уæздан.

– А циуавæр устур киунугæ ‘й? – бафарста Минкъий принц. – Ци куст кæнис ами?

– Æз географ дæн, – дзуапп равардта зæронд Уæздан.

– Географ ба ци æй?

– Е æй уæхæн ахургонд, денгизтæ, цæугæдæнттæ, сахартæ, хуæнхтæ æма æдзæрæг бæститæ кæми ‘нцæ, уой ка зонуй.

– Дессæгтæ! – фæккодта Минкъий принц. – Гъе дин æцæг дæсниадæ!

Æма рафæлгæстæй географи планетæбæл. Некæд ма фæууидта уæхæн рæсугъд планетæ.

– Хъæбæр рæсугъд æй дæ планетæ. Океантæ си ес?

– Уомæн неци зонун, – загъта географ.

– А-а! (Минкъий принц фудæнгъæл фæцæй). Хуæнхтæ ба?

– Уомæн дæр неци зонун, – загъта географ.

– Сахартæ, фордтæ, æдзæрæг бæститæ ба?

– Уонæн дæр неци зонун, – загъта географ.

– Æма географ ку дæ!

– Е раст æй, – загъта географ, – фал æз сгарæг нæ дæн. Мæхуæдæг сгаргутæй гъæуагæ æййафун. Географмæ нæ хауй сахартæ, фордтæ, хуæнхтæ, денгизтæ, океантæ æма æдзæрæг бæститæ нимайун. Географ рауай-бауайтæн æгæр устур адæймаг æй. Е æ кабинетæй æндæмæ нæ цæуй. Фал уоми фембæлуй сгаргути хæццæ. Фæффæрститæ сæ кæнуй æма син ниффинсуй сæ радзурдтæ. Æма имæ си еске радзурдтæ цæмæдессаг ку фæккæсунцæ, уæд географ сбæрæг кæнуй, сгарæг раст адæймаг æй æви нæ, уой.

– Е ба цæмæн?

– Уомæн æма мæнгæдзорæг сгарæги бон æй географи киунугутæн зиан æрхæссун. Удта берæ ка ниуазуй, еци сгарæги бон дæр æй.

– Е ба цæмæн уотæ? – бафарста Минкъий принц.

– Уомæн æма расуггæнагитæ уинунцæ дувæрцæгæй. Æма уæд географ фæннисан кæндзæнæй дууæ хонхи, æрмæст еунæг хонх кæми ес, уоми.

– Æз еу уæхæни зонун, – загъта Минкъий принц, – хуарз сгарæг кæмæй нæ рауаидæ.

– Ка ’й зонуй! Уотемæй сгарæгæн æ хуарз уодигъæдæ ку сбæрæг уй, уæд ин райдайунцæ æ иссердтитæ бæлвурд кæнун.



– Уинунмæ сæмæ фæццæунцæ?

– Нæ. Е æгæр зин гъуддаг æй. Сгарæгæй бадомунцæ æвдесæйнæгтæ. Зæгъæн, дæнцæн, устур хонхи иссердæбæл ку цæуа дзубанди, уæд си байагорунцæ, цæмæй уордигæй устур дортæ æрбахæсса.

Географ æвеппайди бакатай кодта:

– Æма ду ба, ду идардæй цæуис! Ду сгарæг дæ! Ду мин ракæндзæнæ дæ планети хабæрттæ!

Æма географ райгон кодта æ тетрад, рациргъ кодта æ къариндас. Раздæр бал сгаргути нихæстæ ниффинсунцæ къариндасæй, удта, сгарæг бæлвурдгæнæнтæ ку бавдеса, уæд ба меладонæй.

– Мадта райдайæн? – бафарста географ.

– Гъо! Мæнмæ, – загъта Минкъий принц, – уотæ дессагæй неци ес, алцидæр мæмæ хъæбæр минкъий æй. Ес мæмæ æртæ вулкани. Дууæ си содзгæ кæнунцæ, еу ба си хуст æй. Фал ин ци бæрæг æй.

– Неци бæрæг, – загъта географ.

– Ес ма мæмæ деденæг.

– Мах деденгутæ нæ нисан кæнæн, – загъта географ.

– Цæмæн нæ? Уонæй рæсугъддæр ку неци ес.

– Уомæн æма деденгутæ эфемерон æнцæ.

– «Эфемерон» ба ци æй?

– Географий киунугути аргъ иннæ киунугутæй сæ еугуремæй дæр фулдæр æй. Сæ ахедундзийнадæ некæд исафунцæ. Ефстаг хатт раййевуй хонх æ бунат. Ефстаг хатт океан раевдæлон уй донæй. Мах финсæн æносон гъуддæгтæ.

– Æма хуст вулкантæн сæ бон нæуæгæй райгъал ун дæр æй, – фæйуорæдта Минкъий принц. – Куд лæдæргæ ‘й «эфемерон»?

– Вулкантæ содзгæ кæнунцæ æви хуст æнцæ, е махæн уæлдай нæ ’й, – загъта географ. – Махмæ хуæнхтæбæл нимад æнцæ. Хонх ба æййевгæ нæ кæнуй.

– Фал уæддæр «эфемерон» ци амонуй? – нæуæгæй бабæй бафарста Минкъий принц: æ царди медæгæ æ еу фарста дæр æнæ дзуаппæй некæд ниууагъта, еугæр æй ку сивардтайдæ, уæд.

– Е амонуй, тагъд рæстæги фесæфунæй тас кæмæн æй, уæхæн ести.

– Мæ деденæгæн тагъд рæстæги фесæфунæй тас æй?

– Æнæмæнгæй.

«Мæ деденæг эфемерон æй, – загъта æхе нимæр Минкъий принц, – уотемæй ин аци дуйней æхе багъæуай кæнунмæ цуппар синдземæй æндæр неци ес! Æз ба ‘й ниууагътон зубути еунæгæй!»

Нур фиццаг хатт æрфæсмон кодта. Фал æхе фæхъхъæбæр кодта:

– Ци унаффæ мин бакæндзæнæ, курдæмæ ма фæццæуон? – бафарста Минкъий принц.

– Планетæ Зæнхæмæ, – дзуапп равардта географ. – Хуарз репутаци ин ес.

Æма Минкъий принц рараст æй æ фæндагбæл, æ деденæгбæл сагъæсгæнгæй.

XVI

Уотемæй æвдæймаг планетæ адтæй Зæнхæ. Зæнхæ хумæтæги планетæ нæ ’й! Ес си сæдæ еуæндæс паддзахи (ке зæгъун æй гъæуй, негр-паддзæхти дæр нимайæ, уотемæй), авд мин географи, фарастсæдæ мин бизнесмени, авд милиуани æма æрдæг расуггæнаги, æртæсæдæ еуæндæс милиуани кадæуарзæги, æндæр хузи зæгъгæй, дууæ миллиардемæ хæстæг устур адæймаги.

Цæмæй Зæнхæ цæййасæ ‘й, е уæ цæститæбæл рауайа, уой тухæй уин зæгъун уой, æма цалинмæ электрон тухæ нæ ма базудтонцæ, уæдмæ сæ æхсæз континенттебæл дарун гъудæй фанарасодзæгти æнæгъæнæ æфсад, æдеугурæй цуппарсæдæ æхсай дууæ мини фондзсæдæ еуæндæс лæги.

Дессаг адтæй уонæмæ идардæй бакæсун. Еци æфсад



змалдæнцæ бæлвурд фæткæмæ гæсгæ, раст опери балетау. Еугурей фиццаг адтæй Нæуæг Зеланди æма Австралий фанарасодзгути радæ. Етæ сæ цирæгътæ ссодзионцæ æма фунæй кæнунмæ рандæ уионцæ. Удта сæ кафти зилдмæ рацæуионцæ Китай æма Сибири фанарасодзгутæ. Уой фæсте етæ дæр æмбæрзæни фæстæмæ рандæ уионцæ. Уæд ралæууидæ Уæрæсе æмæ Индий фанарасодзгути радæ. Удта Африкæ æма Европи. Уой фæсте Хонсар Америки. Уæдта Цæгат Америки. Æма некæд фехалдтонцæ сценæмæ сæ рацæуни фæткæ. Грандиозон спектакль адтæй е.

Æрмæст Цæгатаг полюси еунæг фанарасодзæг æма е ’мгустгæнæг, Хонсайраг полюси еунæг фанарасодзæг, адтæнцæ евдæлон æма æнæмæтæ: афæдзи дæргъци дуурæ хаттемæй æндæр нæ кустонцæ.

XVII

Адæймаги æхе зундгинхузæй равдесун ку бафæндуй, уæд уотæ дæр рауайуй, æма еуминкъий мæнгæттитæ дæр радзоруй. Бунтон æцгутæ уин нæ ракодтон, фанарасодзгути тухæй уин ку дзурдтон, уæд. Е тæссаг æй уомæй æма, нæ планетæ ка нæ зонуй, уони цæститæбæл æцæгæй куд æй, уотемæй нæ рауайдзæнæй. Адæн хъæбæр минкъий бунат ахæссунцæ зæнхæбæл. Ци дуурæ миллиард цæрæги си ес, етæ кæрæдземæ æнгон ку слæууонцæ, цума митинги лæууонцæ, уотæ, уæд æнцонæй бацæудзæнæнцæ æ дæргъæ дæр æмæ æ уæрхæ дæр дууингай милтæ кæмæн æнцæ, уæхæн фæзи. Зæнхæбæл цæрæг адæн еугур дæр бацæуионцæ Сабур океани минкъийдæр сакъадахи.

Устуртæ уæбæл, ке зæгъун æй гъæуй, нæ бауæнддзæнæнцæ. Уонæмæ уотæ кæсуй, цума берæ бунат ахæссунцæ. Сæхемæ баобабтау ахедгæ кæсунцæ.

Æма сæ уæд нимайунбæл бафтауетæ. Е сæ зæрдæмæ фæццæудзæнæй: хъæбæр уарзунцæ цифритæ. Фал уæхе рæстæг еци фæлтæрæнбæл ма исафетæ. Е дзæгъæли ‘й. Сумах мæнбæл æууæндетæ.

Минкъий принц, Зæнхæбæл февзургæй, ку неке фæууидта, уæд хъæбæр бадес кодта. Уомæй ма тæрсун дæр райдæдта, кæд æндæр планетæмæ бахаудтæн, зæгъгæ. Уалинмæ зменси ферттивта мæйхуз цæг.

– Де ‘зæр хуарз, – сдзурдта Минкъий принц зæрдаййевæй.

– Де ‘зæр хуарз, – дзуапп равардта хелагæ.

– Циуавæр планетæмæ æрбафтудтæн? – бафарста Минкъий принц.

– Зæнхæмæ, – загъта хелагæ. – Африкæмæ.

– А!.. Мадта Зæнхæбæл цæрæг нæййес?

– Ами æдзæрæг бæстæ ‘й. Æдзæрæг рауæнти неке фæууй. Зæнхæ устур æй, – загъта хелагæ.

Минкъий принц дорбæл æрбадтæй æма арвмæ скастæй.

– Мæхе фæффæрсун, – загъта Минкъий принц, – цума стъалутæ рохс уомæн кæнунцæ, цæмæй алкæмæндæр ескæд æхе стъалу иссерун æ бон уа. Скæсай мæ планетæмæ. Раст нæ сæрмæ ‘й… Фал куд идард æй!

– Рæсугъд æй, – загъта хелагæ. – Ардæмæ цæмæ æрбацудтæ?

– Мæ деденæги хæццæ мæ гъуддаг нæ бал цудæй, – загъта Минкъий принц.

– А! – бакодта хелагæ.

Æма нигъгъос æнцæ.

– Адæн кæми ‘нцæ? – æрæгиау бафарста Минкъий принц. – Æдзæрæг рауæни адæймаг еунæг æй...

– Адæни æхсæн дæр адæймаг еунæг фæууй, – загъта хелагæ.

Минкъий принц имæ берæ фæккастæй:

– Æнахур цæрæгой дæ, – сдзурдта фæстагмæ, – æнгулдзи листæгæн…

– Фал мæ тухæ паддзахи æнгулдзи тухæй фулдæр æй, – загъта хелагæ.

Минкъий принц æ медбилти бахудтæй:

– Ду тухгин нæ дæ … Къæхтæ дæр дин ку нæййес… Идард балци фæццæун дæр дæ бон нæ ’й…

– Мæ бон æй дæу науæй идарддæр фæлласун, – загъта хелагæ.

Æхе сугъзæрийнæ цæгау ратухта Минкъий принци фадигъолæбæл:

– Кæмæ бавналун, уой фæстæмæ раттун, ци зæнхæй рацудæй, уомæн, – загъта ма хелагæ. – Фал ду кæдзос дæ, удта стъалуйæй æрцудтæ…

Минкъий принц неци дзуапп равардта.

– Тæрегъæд дин кæнун, аци доргун Зæнхæбæл ду уотæ

æдухæ ке дæ, уомæ гæсгæ. Еуафони, дæ планетæмæ дæ зæрдæ хъæбæр ку ‘хсайа, уæд дин фенхус кæнун уодзæнæй мæ бон. Мæ бон æй …

– Гъо! Хъæбæр хуарз дæ балæдæрдтæн, – фæккодта Минкъий принц, – фал алли хатт дæлгонмæхатт дзурдтæй цæмæн фæдздзорис?

– Æз сæ еугурей дæр райхалун, – загъта хелагæ.

Æма бабæй нигъгъос æнцæ.

XVIII

Минкъий принц рабалц кодта æдзæрæг бæстæбæл еу кæронæй иннемæ æма фембалдæй æрмæст еунæг деденæгбæл. Æртæдеденсифон деденæгбæл, еу нецæййаг деденæгбæл...

– Дæ бон хуарз, – загъта Минкъий принц.

– Дæ бон хуарз, – загъта деденæг.

– Адæн кæми ‘нцæ? – уæзданæй бафарста Минкъий принц.

Деденæг кæддæр фæууидта кирæласгути бал:



– Адæн? Уотæ мæмæ кæсуй, æнцæ æхсæз кенæ авд. Берæ æнзти размæ сæ фæууидтон. Фал кæми агоргæ ‘нцæ, е бæрæг нæ’й. Думгæ сæ рахæссæ-бахæссæ кæнуй. Уедæгтæ син нæййес, æма сæ е хъæбæр гъигæ даруй.

– Хуарзæй байзайæ, – загъта Минкъий принц.

– Фæндараст уо, – загъта деденæг.

XIX

Минкъий принц схизтæй бæрзонд хонхмæ. Нури уæнгæ ци хуæнхтæ зудта, етæ адтæнцæ, æ уæргутæмæ ка хъæрттæй, æрмæст еци æртæ вулкани. Æма хуст вулканæй къелай бæсти пайда кодта. «Ауæхæн бæрзонд хонхæй, – гъуди кодта Минкъий принц, – уайтагъд фæууиндзæнæн еугур планетæ дæр æма еугур адæни дæр …». Фал си неци фæууидта, содзинттау циргъ къæдзæхтæй æндæр.

– Дæ бон хуарз, – загъта Минкъий принц зæрдаййевæй.

– Дæ бон хуарз… Дæ бон хуарз…Дæ бон хуарз…, – дзуапп равардта азæлд.

– Ка ‘йтæ? – бафарста Минкъий принц.

– Ка ‘йтæ … ка ‘йтæ … ка ‘йтæ, – дзуапп равардта азæлд.

– Æнбæлттæ мин фæууотæ, еунæг дæн, – загъта Минкъий принц.

– Еунæг дæн … еунæг дæн… еунæг дæн, – дзуапп равардта азæлд.

«Ци æнахур планетæ ‘й, – рагъуди кодта уæд Минкъий принц. – Бунтон сор, бунтон къæдзæхгин, бунтон цæхгун. Адæн ба си фæлдесунгъон н’ æнцæ. Ци син зæгъай, уой фæлхат кæнунцæ… Мæхе планети мæмæ деденæг адтæй: е алкæддæр æхуæдæг фиццаг сдзоридæ …».



XX

Фал уотæ рауадæй æма зменсбудуртæбæл, къæдзæхтæбæл, метбæл берæ фæццæугæй, æппунфæстаг Минкъий принц иссердта еу фæндаг. Фæндæгтæ ба еугур дæр адæнмæ цæунцæ.

– Уæ бон хуарз! – загъта Минкъий принц. Æ рази адтæй мæтæг деденгутæй идзаг дзæхæрадонæ.

– Дæ бон хуарз – дзуапп равардтонцæ деденгутæ.

Минкъий принц сæмæ æркастæй: еугур дæр адтæнцæ æ деденæги хузæн.

– Ка ‘йтæ? – бафарста сæ Минкъий принц десгæнгæй.

– Мах мæтæг деденгутæ ан, – дзуапп равардтонцæ етæ.

– А-а! – фæккодта Минкъий принц…

Æма æхемæ хъæбæр æнамонд фæккастæй. Æ деденæг ин уотæ дзурдта, уой хузæн дуйнебæл нæййес, зæгъгæ. Ами ба уæхæнттæ, еугур дæр еухузон, фондз мини адтæй еу деденæгдони!

«Хъæбæр гъулæг ин адтайдæ, – гъуди кодта Минкъий принц, – ани ку фæууидтайдæ, уæд… хъæбæр хуфтайдæ æма, ходуйнагæй фæййервæзуни туххæй, æхе мæлæг

æрбакодтайдæ. Мæн ба барæ-æнæбари багъудайдæ мæхе уотæ æвдесун, цума ‘й дзæбæх кæнунбæл архайун, кенæ, цæмæй мæн дæр æгади бунати сивæра, уой туххæй æхе æцæгæй дæр рамæлун бауагътайдæ…».

Уой фæсте ма рагъуди кодта: «Мæхе хъæбæр гъæздуг æнгъалдтон, æнбал кæмæн нæййес, уæхæн деденæг мæмæ ке ес, уомæй, е ба мин хумæтæг мæтæг разиндтæй. Е æма, æрмæст мæ уæргутæмæ ка хъæртуй, еци æртæ вулкани, уонæй дæр еу, ка’й зонуй, æностæмæ ниххустæй, етæ мæнæй мæлæти устур принц нæ аразунцæ …». Æма, кæрдæгбæл ниххусгæй, никкудтæй.

XXI

Гъе уоци рæстæг фæззиндтæй робас.

– Дæ бон хуарз, – загъта робас.

– Дæ бон хуарз, – уæзданæй дзуапп равардта Минкъий принц, фæстæмæ ракастæй, фал неке фæууидта.

– Ами дæн, – загъта гъæлæс, – фæткъубæласи буни…

– Ка дæ? – загъта Минкъий принц. – Хъæбæр рæсугъд дæ …

– Æз робас дæн, – загъта робас.

– Рацо, рагъазæ мæ хæццæ, – загъта Минкъий принц, – хъæбæр æнкъард дæн...

– Мæнæн мæ бон дæ хæццæ гъазун нæ ’й, – загъта робас. – Æз æрмахур нæ дæн.

– А! Бахатир кæнæ, – загъта Минкъий принц.

Фал, рагъудигæнгæй, бафарста:

– «Æрмахур» ба ци амонуй?

– Ду ардигон нæ дæ, – загъта робас, – ци агорис?

– Адæни агорун, – загъта Минкъий принц. – «Æрмахур» ци амонуй?

– Адæнмæ, – загъта робас, – ес топпитæ æма кæнунцæ цауæн. Е хъæбæр гъигæдаруни хуасæ ‘й. Кæркитæ дæр дарунцæ. Е сæ царди еунæг медес æй. Ду кæркитæ агорис?

– Нæ, – загъта Минкъий принц. – Æз æнбæлттæ агорун. «Æрмахур» ци амонуй?

– Е бунтон иронхгонд гъуддаг æй. Амонуй: «бастдзийнæдтæ аразун…».

– Бастдзийнæдтæ аразун?

– Мадта, – загъта робас. – Ду бал мæнæн сæдæ мин æндæр минкъий биццеуей хузæн еу минкъий биццеуæй æндæр неци ма дæ. Æма æз дæу гъæуагæ нæ дæн. Ду дæр мæн гъæуагæ нæ дæ. Æз дæр дæуæн сæдæ мин робасей хузæн еу робасæй æндæр неци дæн. Фал мæ æрмахур ку скæнай, уæд нæ еу инней гъæуагæ уодзæнæй. Ду мæнæн еунæг уодзæнæ а дуйнебæл. Æз дæр дæуæн еунæг уодзæнæн а дуйнебæл...

– Лæдæрун дæ райдæдтон, – загъта Минкъий принц. – Ес еу деденæг…æнгъæлдæн мæ æрмахур скодта…

– Æвæдзи, – загъта робас. – Зæнхæбæл берæ цидæртæ фæууинæн ес…

– А! Е Зæнхæбæл нæ ’й, – загъта Минкъий принц.

Робас цума устур цæмæдеси бафтудæй:

– Æндæр планети?

– Гъо.

– Цауæнгæнгутæ си ес, еци планети?

– Нæййес.

– Ци дессаг æй! Кæркитæ ба?

– Нæгъ!

– Неци ес æнаййепп а дуйнебæл, – ниууолæфтæй робас.

Удта нæуæгæй раздахтæй æ гъудимæ:



– Мæ цард еци еухузон хæссуй. Æз кæркитæбæл цауæн кæнун, адæн ба мæнбæл цауæн кæнунцæ. Кæркитæ еугур дæр еухузон æнцæ, адæн дæр еугур дæр еухузон æнцæ. Уотемæй еуминкъий сгъигæ ун. Фал мæ æрмахур ку скæнай, уæд мæ цард цума хорæй байдзаг уодзæнæй. Дæ къахдзæфтæ дин æртасдзæнæн æндæртæй. Æндæр еске къахдзæфтæ мæ зæнхи бунмæ ледзун кæнунцæ. Дæууонтæ ба мæ музыки хузæн цъасæй æндæмæ хондзæнцæ. Удта, кæсай! Уинис дæлæ мæнæуи будуртæ? Æз къæбæр нæ хуæрун. Мæнæн мæнæуæ неци пайда æй. Мæнæуи будуртæ мæ зæрди неци æрæфтуйун кæнунцæ. Æма е æнкъарддзийнади хуасæ ‘й! Фал дæуæн дæ сæригъунтæ сугъзæрийнæхуз æнцæ. Æма мæ æрмахур ку скæнай, уæд дессаги хуарз уодзæнæй! Сугъзæрийнæхуз ка райсуй, еци мæнæуæ мин дæу мæ зæрдæбæл æрлæуун кæндзæнæй. Æма бауарздзæнæн мæнæуи медæгæ думги сæбар-субур…

Робас нигъгъос æй æма берæ рæстæг фæккастæй Минкъий принцмæ:

– Дæ хуарзæнхæй … æрмахур мæ скæнæ! – загъта робас.

– Бæргæ хъæбæр мæ фæндуй, – дзуапп равардта Минкъий принц, – фал мин берæ рæстæг нæййес. Мæн ма гъæуй берæ æнбæлттæ иссерун æма берæ цидæртæ базонун.

– Базонæн ес, æрмæст æрмахур ке скæнай, уомæн, – загъта робас. –Адæнæн рæстæг нæ бал ес ести базонунмæ. Уæйæгæнгутæй балхæнунцæ цæттæ дзаумæуттæ. Фал æнбæлттæ ка уæйæ кæнуй, уæхæн уæйæгæнгутæ нæййес, æма уомæ гæсгæ адæнæн æнбæлттæ нæ бал ес. Кæд дæ æнбал гъæуй, уæд мæ сæрмахур кæнæ.

– Æма уой тухæй ци бакæнун гъæуй? – сдзурдта Минкъий принц.

– Гъæуй хъæбæр бухсон ун, – дзуапп равардта робас. – Раздæр бал сбаддзæнæ мæнæй минкъий фалдæр, мæнæ атæ, кæрдæгбæл. Æз дæмæ фæрсмæ кæсдзæнæн, ду ба маци дзорæ. Нихас кæрæдзей балæдæрунмæ хъори хуасæй æндæр неци ’й. Фал дæ бон уодзæнæй алли бон дæр мæнмæ еуминкъий хæстæгдæр æрбабадун…

Дуккаг бон Минкъий принц фæстæмæ еци рауæнмæ æрбацудæй.

– Хуæздæр адтайдæ, ардæмæ еци-еу рæстæг ку цæуисæ, уæд, – загъта робас. – Зæгъæн, фæсарæфтæ цуппар сахаттемæ ку цæуай, уæд æртæ сахаттемæй фæстæмæ амондгун кæнун райдайдзæнæн. Цæйбæрцæ де ’рбацæуни афонæ хæстæгдæр уа, уойбæрцæ мæхе амондгундæрæй æнкъардзæнæн. Цуппар сахаттебæл ба тухсун æма катай кæнун райдайдзæнæн: амонди аргъ базондзæнæн! Фал алли афæнтти ку цæуай, уæд æз некæд зондзæнæн, мæ зæрдæ кæци сахатмæ æрцæттæ кæнон, уой… Еу фæткæ си гъæуй.

– Фæткæ ба ци ’й? – бафарста Минкъий принц.

– Е дæр бунтон иронхуати ка байзадæй, уæхæн гъуддаг

æй, – загъта робас. – Уой фæрци еу бон хецæн кæнуй иннæ бонæй, еу сахат - иннемæй. Зæгъæн, мæ цауæнгæнгутæмæ ес уæхæн фæткæ. Цуппæрæни фæккафунцæ гъæуи кизгутти хæццæ. Уомæ гæсгæ цуппæрæн замманай бон æй! Сауæнгæ сæндæнтти уæнгæ бахъæртун. Цауæнгæнгутæ кæдфæнди ку кафионцæ, уæд бæнттæ еугур дæр еухузон адтайонцæ, æма мин уолæфуни бон æппундæр н’ адтайдæ.

Уотемæй Минкъий принц робаси сæрмахур кодта. Æма Минкъий принцæн æ цæуни афонæ ку æрхæстæг æй:

– А! – бакодта робас –… Æз кæугæ кæндзæнæн.

– Е дæу фуд æй – загъта Минкъий принц, – мæ зæрдæ дин зин нæ загъта, фал дæу бафæнд ’адтæй, цæмæй дæ сæрмахур кæнон, е …

– Бæгудæр, – загъта робас.

– Фал нур ба кæугæ кæндзæнæ! – загъта Минкъий принц.

– Бæгудæр, – загъта робас.

– Мадта си неци рамбулдтай!

– Рамбулдтон. – загъта робас. – Мæнæуи тæмæнæй игурд æнкъарæнтæ.

Удта бафтудта:

– Цо, нæуæгæй бабæй æркæсæ мæтæг деденгутæмæ. Балæдæрдзæнæ, дæ мæтæг дæуæн а дуйнебæл еунæг ке æй, уой. Фæстæмæ мин хуæрзбон зæгъунмæ раздæхдзæнæ, æма дин еу сосæгдзийнадæ балæвар кæндзæнæн.

Минкъий принц рандæ ’й мæтæг деденгутæмæ нæуæгæй æркæсунмæ.

– Сумах æппундæр н’ айтæ мæ деденæги хузæн, сумах бал нур ма неци айтæ, – загъта син Минкъий принц. – Неке ма уæ сæрмахур кодта, удта сумах дæр неке ма сæрмахур кодтайтæ. Сумах айтæ, мæ робас циуавæр адтæй, уæхæнттæ. Е адтæй сæдæ мин æндæр робасей хузæн еу робас. Фал си æз мæхецæн скодтон æнбал, æма мин нур а дуйней еунæг æй.

Æма мæтæг деденгутæ хъæбæр фæкъкъæндзæстуг æнцæ.

– Рæсугъд айтæ, фал афтед айтæ, – загъта ма син Минкъий принц. – Сумах сæрбæл рамæлæн нæйиес. Ке зæгъун æй гъæуй, хумæтæг бæлццон адæймаг мæ деденæги дæр сумах хузæн фенгъæлдзæнæй. Фал е мæнæн сумахæй еугуремæй дæр ахсгиагдæр æй, уомæн æма æз уобæл кодтон дон. Уомæн æма æз уобæл ивардтон агъодæ. Уомæн æма æз уой баауон кæнинæ æмбæрзæнæй. Уомæн æма ин æз æ къудуркæлмити рамардтон, гæлæботæ рауадзуни тухxæй ма си ци дууæ æви æртæ ниууагътон, уонæй фæстæмæ. Уой тухxæй æма æз уомæ игъустон, гъæститæ ку кæнидæ, кенæ æхецæй æппæлгæ ку кæнидæ, кенæ ба хатгай æхе ку нигъгъос кæнидæ, уæд дæр. Уой тухxæй æма е мæн мæтæг æй.

Æма Минкъий принц æрбаздахтæй робасмæ.

– Хуарзæй байзайæ, – загъта ин.

– Рæствæндаг уо, – загъта робас. – Мæнæ дин мæ

сосæгдзийнадæ. Хуæрз хумæтæг æй: уиндæуй æрмæст зæрдæй. Медау[4] цæстæй фæууинæн нæйе.

– Медау цæстæй фæууинæн нæйе, – рафæлхатт кодта Минкъий принц, цæмæй аци гъуди æ зæрдæбæл бадара.

– Дæ деденæгбæл ци рæстæг схарз кодтай, е ‘й кæнуй уотæ ахсгиаг.

– Мæ деденæгбæл ци рæстæг схарз кодтон…– дзурдта Минкъий принц, цæмæй аци гъуди æ зæрдæбæл бадара.

– Адæн феронх кодтонцæ еци æцæгдзийнадæ, – загъта робас. – Фал æй ду гъæуама ма феронх кæнай. Æрмахур ке скæнай, уобæл цæргæбонти дзуаппдæттæг фæууис. Ду дæ мæтæгбæл дзуаппдæттæг дæ…

– Æз мæ мæтæгбæл дзуаппдæттæг дæн… – фæлхатт кодта Минкъий принц, цæмæй аци гъуди æ зæрдæбæл бадара...

[4] Медау – æрдзигъæдæ, ахсгиагдæр минеуæг, меддуйне.

XXII

– Дæ бон хуарз, – загъта Минкъий принц.

– Дæ бон хуарз, – дзуапп равардта æфсæнвæндаги фатгæс.

– Ци косис ами? – бафарста Минкъий принц.

– Æз бæлццонти къуаргæйттæ кæнун, мингай алли къуари дæр, – загъта фатгæс. – Ка сæ ласуй, еци поездтæ æрветун, уæд – рахез æрдæмæ, уæд – галеу æрдæмæ.

Æрвнæрæгау гæбар-губургæнгæ, рохскалгæ экспресс фенкъусун кодта фатгæси будкæ.

– Хъæбæр тагъд кæнунцæ, – сдзурдта Минкъий принц. – Ци агорунцæ?

– Локомотивтæрæг æй æхуæдæг дæр нæ зонуй, – дзуапп равардта фатгæс.

Æма бабæй дуккаг рохскалгæ экспресс гæбар-губургæнгæ разугъгъутт ласта иннердæмæ.

– Нуредæгæ фæстæмæ здæхунцæ? – бафарста Минкъий принц.

– Æндæртæ ’нцæ, – загъта фатгæс. – Фиццæгти бунатмæ ка цæуй, етæ.

– Кæми адтæнцæ, уоми сæ зæрдæмæ нæ цудæй?

– Адæймаг кæми фæууй, уоми æ зæрдæмæ некæд фæццæуй, – загъта фатгæс.

Ранæрдæй æртиккаг рохскалгæ экспресс.

– Фиццаг бæлццонти фæдбæл цæунцæ? – бафарста Минкъий принц.

– Æгириддæр неке фæдбæл цæунцæ, – загъта фатгæс. – Уоми медæгæй фунæй кæнунцæ, кенæ ба сæ ком ивазунцæ. Æрмæст сувæллæнттæ сæ фийтæ къæрæзгитæбæл нитътъæпæн кæнунцæ.

– Æрмæст сувæллæнттæ зонунцæ, ци агорунцæ, уой, – фæккодта Минкъий принц. – Сæ рæстæг фæсафунцæ еу хæцъелин куклабæл, хъæбæр кадгин сæмæ исуй, æма син æй ку байсунцæ, уæд фæккæунцæ…

– Етæ амондгун æнцæ, – загъта фатгæс.

XXIII

– Дæ бон хуарз, – загъта Минкъий принц.

– Дæ бон хуарз, – дзуапп равардта базаргæнæг.

Е адтæй, æдонуг ка сæттуй, уæхæн хуæздæргонд пилюлитæй базаргæнæг. Къуæре си еу баниуазунцæ æма æдонуг нæ бал фæккæнунцæ.

– Цæмæн сæ уæйæ кæнис? – бафарста Минкъий принц.

– Рæстæг фæстауæрцæ кæнунмæ хъæбæр агъаз æнцæ, – загъта базаргæнæг. – Эксперттæ банимадтонцæ, къуæремæ фæндзай æртæ минутти фæстауæрцæгонд ке цæуй, уой.

– Æма ци аразгæ ’й еци фæндзай æртæ минуттемæй?

– Ке ци фæндуй, уой си аразуй.

«Мæн, – æхе нимæр загъта Минкъий принц, – фæндзай æртæ минутти харз кæнун ку багъудайдæ, уæд сабургай цудайнæ сауæдони ’рдæмæ…».

XXIV

Æдзæрæг рауæн авари ку скодтон, уæдæй нурмæ цудæй æстæймаг бон, æма базаргæнæги хабæрттæмæ æз игъустон, ци фæстаг дони хупп ма мæмæ байзадæй, уой ниуазгæй.

– Бæргæ! – сдзурдтон æз Минкъий принцмæ, – цæмæдессаг æнцæ дæ имисуйнæгтæ, фал æз нæ ма сцалцæг кодтон мæ хуæдтæхæг, ци баниуазон, е мин нæ бал ес, æма æз дæр хъæбæр амондгун адтайнæ, мæ бон сабургай сауæдони ’рдæмæ цæун ку адтайдæ, уæд!

– Ме ’нбал робас, – райдæдта Минкъий принц…

– Мæ лимæн лæггаг, робаси кой си нæ бал ес!

– Цæмæн нæ?

– Уомæн æма æдонугæй рамæлдзинан…

Мæ дзурди медес мин нæ балæдæрдтæй, загъта:

– Мæлгæ дин ку уа, уæддæр хуарз æй, æнбал дин ке адтæй, е. Æз хъæбæр зæрдирай дæн робас æнбал мин ке адтæй, уомæй…

«Уаваери тæссагдзийнадæ æ сæр нæ ахæссуй, – рагъуди кодтон æз. – Некæд ин фæууй нæ стонг, нæ æдонуг. Хори тунæй ин еуминкъий дæр фагæ ’й…».

Фал Минкъий принц мæмæ æрбакастæй æма мин мæ гъудийæн дзуапп равардта:

– Æз дæр æдонуг дæн… байагорæн цъай…

Æз мæ къох рарæуигътон: ци зундæй ес æгæрон æдзæрæг рауæни зæрдаййевæй цъай агорæн? Уæддæр рараст ан.

Еу цалдæр сахатти фæццудан æнæдзоргæй. Æрæхсæвæ’й, æма стъалутæ фæззиндтæнцæ. Æз тæвдæ кодтон мæ фур æдонугæй æма стъалутæ цума фуни уидтон. Минкъий принци дзурдтæ нæ цудæнцæ мæ сæрæй:

– Мадта ду дæр æдонуг фæууис? – байфарстон æз.

Фал мин е мæ фарстайæн дзуапп нæ равардта. Æрмæст загъта:

– Дон зæрди дæр багъæуй…

Æ дзуапп ин нæ балæдæрдтæн, фал нигъгъос дæн… Хуарз зудтон, фарстатæ дæттун имæ ке нæ гъæуй, уой.

Бафæлладæй. Æрбадтæй. Æ фарсмæ мæхе æруагътон. Минкъий принц сдзурдта:

– Стъалутæ рæсугъд æнцæ, зингæ нæмæ ка нæ кæнуй, еу уæхæн деденæги фæрци…

– Уобæл дзурд дæр нæййес, – дзуапп равардтон æз. Æма мæйи рохсмæ æнæдзоргæй кастан зменси дагътæмæ.

– Зменсбудур рæсугъд æй, – бафтудта Минкъий принц…

Æма е æцæгæйдæр уотæ адтæй. Зменсбудур рагæй дæр мæ зæрдæмæ цудæй. Зменси рагъбæл бадис. Неци уинис. Неци игъосис. Æма уæддæр æдзæм итигъдади цидæр тæмæнтæ калуй…

– Зменсбудури е рæсугъд кæнуй, æма кæмидæр цъай ке римæхсуй…

Фæссах дæн: æвеппайди балæдæрдтæн зменси еци тæмæнкалди сосæг нисанеуæг. Минкъий биццеу ма ку адтæн, уæд цардтæн еу рагон хæдзари, æма си, куд дзурдтонцæ, уотемæй адтæй хæзна нигæд. Ке зæгъун æй гъæуй, уой иссерун некæд некæмæн бантæстæй, ка’й зонуй, æма ’й агоргæ дæр некæд неке кодта. Фал уоци хæзнай хабар хæдзарæбæл æфтудта алæмæти игакæ. Мæ хæдзарæ æ зæрди арфи римахста сосæгдзийнадæ…

– Уотæ ’й, – загътон Минкъий принцæн, – хæдзарæбæл цæуа дзубанди, стъалутæбæл æви зменсбудурбæл, рæсугъд цæй фæрци æнцæ, уомæн цæстæй фæууинæн нæййес.

– Æхцæуæн мин æй, – загъта Минкъий принц, – мæ робаси хæццæ арази ке дæ, е.

Минкъий принц æрфунæй æй, æз æй мæ гъæбеси исистон æма идарддæр рараст дæн. Мæ зæрдæ æ бунати н ’адтæй. Уотæ мæмæ кастæй, цума мæнгæфсонæ хæзна хæссун. Уотæ дæр мæмæ кастæй, цума амæй мæнгæфсонæдæр а Зæнхæбæл неци адтæй. Мæйрохсмæ ин хæстæгмæ кастæн æ фæлорс тæрнихмæ, е ’хгæд цæститæмæ, думгæ ин ке

змæлун кодта, уоци къæбæлдзуг сæригъунтæмæ æма мæхенимæр дзурдтон: «Уингæ ци кæнун, е хъозгæй æндæр неци ’й. Медау цæстæй фæууинæн нæййе…».

Æ æрдæгигон билтæ ходæзмолæ кодтонцæ, æма бабæй мæхецæн загътон: «Аци фунæй Минкъий принцæй мæнæн мæ зæрдæ хъæбæрдæр ци агайуй, е æй æ деденæгбæл еузæрдиондзийнадæ, е æй уоци мæтæг деденæги фæлгонц, æ медæгæ цирагъау рохс тæмæнтæ ка калуй фунæййæй дæр…». Æма балæдæрдтæн, Минкъий принц уомæй никкидæр мæнгæфсонæ ке адтæй, уой. Цирæгътæ цурд гъæуай кæнун гъæуй: думги еу футтæй дæр син тæссаг æй фæххуссунæй…

Æма уотæ цæугæй боницъæхтæбæл иссердтон цъай.

XXV

– Адæн – загъта Минкъий принц, – сæхе бакалунцæ экспрессти, фал ци агорунцæ, уой нæ бал зонунцæ. Уомæ гæсгæ æнцойнæ нæ ерунцæ æма дуурдæмæ кæнунцæ…

Удта бафтудта:

– Бунтон дзæгъæли…

Мах ци цъаймæ бахъæрттан, е Сахари цъайти хузæн н’адтæй. Сахари цъайтæ ‘нцæ зменси къахт хумæтæг хъумтæ. А ба гъæууон цъаййи хузæн адтæй. Фал ами еунæг гъæу дæр н ‘адтæй, æма мæхе фунæй фенгъалдтон.

– Ци дессаг æй, – загътон Минкъий принцæн, – алцидæр си цæттæ ’й: цалх, къибила æма бæттæн…

Минкъий принц ниххудтæй, бавналдта бæттæнмæ, фезмæлун кодта цалх. Æма цалх нихъхъис-хъис кодта, зæронд флюгер, думгæ æгæр берæ фунæййæй ку байзайуй, уæд куд нихъхъис-хъис кæнуй, уотæ.

– Игъосис, – загъта Минкъий принц, – мах цъаййи игъал кæнæн æма заруй…

Мæн нæ фæнд ’адтæй, æхецæн зин кæна, уой.

– Мæн бауадзай, – сдзурдтон имæ, – е дæуæн æгæр уæззау æй.

Арæхсгай исистон къибила цъаййи билæмæ. Лæмбунæг æвæрд æй æркодтон. Мæ гъости ма зæлланг кодта цалхи зар, змæлгæ ма ци дон кодта, уой медæгæ ба уидтон, хор куд змалдæй, уой.

– Аци донæй æдонуг дæн, – сдзурдта Минкъий принц, – раминсидæттай, басиниуазон…

Æма æз балæдæрдтæн, ци агурдта, уой!

Исистон ин къибила æ билтæмæ. Раниуазта си, æ цæститæ æхгæд, уотемæй. Бæрæгбони адæ кодта! Аци дон хумæтæги æдонугсæттæг дон н ’адтæй. Е игурд адтæй стъалути буни балцæй, цалхи зарæй, мæ къохти тухархайдæй. Зæрдæн лæварау æхцæуæн адтæй. Уотæ, минкъий биццеу ма ку адтæн, уæд дæр назубæласи рохс, æмбесæхсæвигон месси музыкæ, фæлмæн медбилхудтитæ – етæ еугур дæр тæмæнтæ калун кæнионцæ мæ Цæппорси лæвар.

– Дæуæрдигон адæн, – загъта Минкъий принц, – фондз мин мæтæг деденæги бакæнунцæ еу дзæхæрай… æма си ци агорунцæ, уой нæ ерунцæ…

– Нæ ’й ерунцæ, – дзуапп равардтон æз…

– Уотемæй ба, ци агорунцæ, уомæн иссерæн ес еунæг деденæги кенæ еу дони æртæхи…

– Уотæ ’й – дзуапп равардтон æз.

Æма ма Минкъий принц бафтудта:

– Фал цæститæ хъæрæу æнцæ. Агорун зæрдæй гъæуй.

Раниуазтон. Æнцонæй уолæфтæн. Зменсæ хорискасти мудхуз фæууй. Æма уоци муди хузæй дæр адтæн амондгун. Цæй тухæй гъæуама адтайнæ æнкъард…

– Гъæуама ци дзурд равардтай, уой сæнхæст кæнай, – фæлмæнæй мин загъта Минкъий принц, нæуæгæй мæ фарсмæ æрбадгæй.

– Циуавæр дзурд?

– Зонис æй… Цъотта мæ фусæн … Æз уоци деденæгбæл дзуапдæттæг дæн!

Æз мæ дзиппæй исистон мæ хузгæндтæ. Минкъий принц сæмæ æркастæй æма ходгæй загъта:

– Дæ баобабтæ еуминкъий къабускати хузæн æнцæ…

– Æцæгæй! – Æз ба мæ баобабтæй уотæ сæрустур адтæн!

– Дæ робас… æ гъостæ… сиути хузæн æнцæ еуминкъий… удта æгæр даргъ æнцæ!

Æма бабæй нæуæгæй нихxудтæй.

– Дзæгъæли мæ фудгин кæнис, мæ минкъий лимæн, боатæ æндагæрдигæй æмæ медæгæрдигæй æндæр некæд неци зудтон хузæ кæнун.

– Цæй! Хуарз æнцæ, – загъта Минкъий принц, – сувæллæнттæ сæ базондзæнæнцæ.

Къариндасæй схузæ кодтон цъотта. Мæ зæрдæ сунгæг æй, хузæ имæ ку балæвардтон, уæд:

– Æз ке нæ зонун, цидæр уæхæн фæндитæ дæмæ ес…

Фал е дзуапп нæ равардта. Сдзурдта мæмæ:

– Зæнхæмæ ку æрхаудтæн… уобæл исон афæй рацæудзæнæй.

Удта ма фæстæдæр загъта:

– Ардæмæ хъæбæр хæстæг æрхаудтæн…

Æма расурх æй.

Æма бабæй нæуæгæй мæ зæрдæ цæмæндæр æнахур æнкъард фæцæй. Уæддæр бабæй нæуæгæй бафарстон:

– Мадта æнæнгъæлæги н ‘адтæй, еци сæумæ, аст боней размæ ку базонгæ ан, уæд зубути еунæгæй, цæрæн бунæттæй мингай милтæ идарддæр ке адтæ, е! Кæми æрхаудтæ, уордæмæ фæстæмæ цудтæ?

Минкъий принцæн æ цæсгон бунтондæр ниссурх æй.

Æз, дузæрдуггæнгæй, бафтудтон:

– Кæд, мийййаг, афæй ке рацудæй, уой тухæй?...

Минкъий принц бабæй нæуæгæй ниссурх æй. Фарстатæн неци дзуапп лæвардта, фал адæймаг ку расурх уй, уæд е «гъо» амонуй, уотæ нæ ’й?

– А! – сдзурдтон имæ – æз уомæй тæрсун, æма…

Фал мæ е бауорæдта:

– Нур ду гъæуама дæ куст кæнай. Гъæуама фæстæмæ фæццæуай дæ машинæмæ. Æз дæмæ ами æнгъæлмæ кæсдзæнæн. Æриздæхæ исон изæр…

Фал неци фæннифсгундæр дæн. Робас мæ зæрдæбæл лæудтæй. Фæккæунæй тæссаг æй еуминкъий, кæд æма дæхе æрмахур кæнун бауагътай, уæд…

XXVI

Цъаййи цори адтæй рагон дорамад горени ихæлддзæгтæ. Иннæ бон изæрæй мæ кустæй фæстæмæ ку ’рбацудтæн, уæд идардæй фæууидтон мæ Минкъий принци горени сæрбæл бадгæй, æ къæхтæ дæлæмæ æруагъта, уотемæй. Фегъустон ин æ дзурд:

– Нæ бал æй гъуди кæнис, мадта? Е æгириддæр ами н ’адтæй!

Цидæр æндæр гъæлæс ин равардта дзуапп æнæмæнгæй, уомæн æма Минкъий принц æ нихмæ сдзурдта:

– Гъо! Гъо! Еци бон æй, фал а уоци рауæн нæ ’й…

Æз хæстæгдæр бацудтæн горени ’рдæмæ. Неке ма уидтон, неке ма игъустон. Фал бабæй Минкъий принц нæуæгæй кæмæдæр сдзурдта:

–…Æнæмæнгæй. Фæууиндзæнæ, зменсæбæл мæ фæдтæ кæми райдайунцæ, уой. Гъæудзæнæй дæ æрмæст уоми мæнмæ бангъæлмæ кæсун. Ахсæви уоми уодзæнæн.

Инсæй метри ма мæ гъудæй горенмæ, уæддæр неци ма уидтон.

Минкъий принц ба фæстæдæр нæуæгæй сдзурдта:



– Дæ марг хуарз æй? Берæ гъезæмарæ кæнун мæ нæ бауадздзæнæ, уобæл дæ зæрдæ дарис?

Æз æрлæудтæн, мæ зæрдæ сунгæг æй, фал уæддæр неци ма лæдæрдтæн.

– Нур ба рандæ уо, – загъта Минкъий принц,… мæн фæндуй дæлæмæ æрхезун!

Уæд мæхуæдæг дæр мæ цæстингас горени бунмæ æруагътон æма фесхъиудтæн! Адтæй си, æртин секундмæ лæги ка маруй, уоци бор хелæгутæй еу, æ сæр Минкъий принци ’рдæмæ здæхт, уотемæй. Фæссæмæлигъдтæн, ливор мæ дзиппити агоргæй, фал мæ къæхти гъæрмæ хелагæ сабургай рафæд кодта зменси, мæлдзой дони тагау, æма рæудзæнг-дзæнг кæнгæй æнæ талф-тулфæй æрбайсафтæй дорти ’хсæн.

Хуарз æма афойнадæбæл бахъæрдтæн горени цормæ æма мæ гъæбеси фелвастон Минкъий принци. Æ цæсгон адтæй метау уорс-уорсид.

– А ба ма ци хабар æй! Нур ба хелæгути хæццæ дзорис!

Райхалдтон ин æ еударон сугъзæрийнæхуз хъурбæттæн. Рацъифæ ин кодтон æ тæнуадæлттæ, дон ин рахупп кæнун кодтон. Нецæбæл бал æй æууæндтæн бафæрсун. Уæззау каст мæмæ скодта, æ къохтæ мин мæ бæрзæйбæл æрбатухта. Æнкъардтон æ зæрдæ куд гупп-гупп кодта, уой. Раст топпдзæф мæлæг цъеуи зæрдау. Сдзурдта мæмæ:

– Æхцæуæн мин æй, дæ машинæн ци гъудæй, уой ке ссердтай. Нур дæ бон уодзæнæй дæ хæдзарæмæ раздæхун…

– Цæмæй æй базудтай!

Æз ба ма ин зæгъуйнаг адтæн, мæ куст æнæнгъæлæги ке фæррæстмæ ‘й, уой!

Неци дзуапп равардта мæ фарстайæн, фал бафтудта:

– Æз дæр абони мæхемæ цæун…

Удта æнкъардæй:

– Е берæ идарддæр æй… е берæ зиндæр æй…

Æнкъардтон, цидæр æнахур гъуддаг ке цæуй, уой. Мæ гъæбеси ‘й нилхъивтон минкъий сабийау, æма мæмæ уæддæр уотæ кастæй, цума раст сæрисæфæнмæ хаудтæй æма ‘й бауорамунмæ мæ бон неци адтæй …

Æ уæззау цæстингас хъæбæр идард кæмидæр дзæгъæлтæ кодта:

– Ес мæмæ дæ фус. Ес мæмæ уоци фусæн къоппæг. Удта ма мæмæ ес цъотта…

Æма уоци æнкъардæй æ медбилти бахудтæй.

Æз берæ фенгъæлмæ кастæн. Æнкъардтон, минкъийгай ке фæгъгъар кæнуй, уой.

– Мæ минкъий хæлар, фæттарстæ...

Фæттарстæй, гъай-гъайдæр! Фал фæлмæн бахудтæй:

– Аци изæр хъæбæрдæр фæттæрсдзæнæн…

Нæуæгæй бабæй мæ зæрдæ бауазал æй, æнæрцæугæ

кæмæн н ‘адтæй, уоци æбуалгъ бæллæхи æнкъарæнæй. Æма балæдæрдтæн, аци худт ке некæд бал фегъосдзæнæн, уоци гъудийæн ке нæ фæразун, уой. Зменсбудури астæу мин сауæдони хузæн адтæй.

– Мæ минкъий хæлар, куд ходис, уой фегъосун ма мæ фæндуй…

Фал мин е загъта:

– Ахсæвæ афæй сæнхæст уодзæнæй. Ме стъалу ниллæудзæнæй, раст фарæ кæми æрхаудтæн, уоци бунати сæрмæ…

– Мæ минкъий хæлар, етæ еугур дæр – хелаги хабар, стъалуй хæццæ фембæлд, æвæдзи, фудфунтæ ‘нцæ…

Фал е неци дзуапп равардта мæ фарстайæн. Загъта мин:

– Уиндæуй æрмæст зæрдæй…

– Уотæ ‘й…

– Деденæги хабари хузæн. Кæмидæр стъалубæл ци деденæг ес, уой ку уарзай, уæд адгинæн кæсдзæнæ æхсæвигон арвмæ. Стъалутæбæл сæ еугуребæл дæр деденгутæ ес.

– Уотæ ‘й…



– Е дæр уоци дони хабар куд адтæй, уотæ. Ци дон мин равардтай баниуазунмæ, е музыки хузæн адтæй, цалх æма бæттæни фæрци… гъуди ма ‘й кæнис… хуæрзадæ адтæй.

– Уотæ ‘й…

– Кæсдзæнæ æхсæвигон стъалутæмæ. Мæнон æгæр минкъий æй, æма дин æй фæууинун кæнун мæ бон нæ ’й. Æма е хуæздæрæн æй. Ме стъалу дæуæн уодзæнæй стъалутæй еу. Уотемæй ду уарздзæнæ стъалутæмæ сæ еугуремæ дæр кæсун… Етæ еугур дæр уодзæнæнцæ де ’нбæлттæ. Удта ма дин æз лæвар бакæндзæнæн …

Нæуæгæй нихкудтæй.

– О, мæ минкъий хæлар, куд дин уарзун дæ худтмæ игъосун!

– Е дин уодзæнæй мæ лæвар… е уодзæнæй, мæнæ дони хабар куд адтæй, уотæ…

– Ци зæгъунмæ гъавис?

– Стъалутæ алкæмæ еухузон нæ кæсунцæ. Бæлццæнттæн стъалутæ фæндагамонгутæ ‘нцæ. Иннетæн рохси ’ртаутæй æндæр неци ‘нцæ. Æртиккæгтæн, ахургæндтæ ка ‘нцæ, уонæн проблемитæ ‘нцæ. Мæ бизнесменæн ба – сугъзæринттæ. Фал уоци стъалутæ еугур дæр æдзæм æнцæ. Дæуæн ба уодзæнæй, æппундæр ка некæмæн ес, уæхæн стъалутæ.

– Ци зæгъунмæ гъавис?

– Æхсæвигон цид арвмæ ку скæсай, уæд дæмæ уотæ кæсдзæнæй, цума стъалутæ еугур дæр ходгæ кæнунцæ, уой тухкæй æма æз уоци стъалутæй еуебæл цæрдзæнæн, æз уоци стъалутæй еуебæл ходдзæнæн. Дæуæн уодзæнæй, ходун ка зонуй, уæхæн стъалутæ!

Æма бабæй нæуæгæй нихкудтæй.

– Æма дæ зæрдæ ку нæ бал реса (зæрди рист еуафонæ æрсабур уй), уæд боз уодзæнæ, мæ хæццæ ке базонгæ дæ, уомæй. Ду æдзох дæр уодзæнæ ме ’нбал. Бæлдзæнæ мæ хæццæ раходунмæ. Æма хатгай байгон кæндзæнæ

дæ къæразгæ, уотæ, дæ зæрди дзæбæхæн... Æма де ’нбæлттæ дес кæндзæнæнцæ, арвмæ кæсгæй куд ходис, уой уингæй. Уæд син ду зæгъдзæнæ: «О, стъалутæ мæн алкæддæр ходун фæккæнунцæ!». Æма дæ етæ гъæлабæл банимайдзæнæнцæ. Уæхæн цæхгун гъазæн миуæ дин сараздзæнæн æз…

Æма бабæй нæуæгæй нихкудтæй.

– Е уодзæнæй, цума дин стъалути бæсти, ходун ка зонуй, берæ уæхæн минкъий дзæнгæргутæ балæвар кодтон, уой хузæн …

Нæуæгæй бабæй нихкудтæй. Удта бабæй æрæнкъард æй.

– Ахсæвæ… ду фæлтау… ма ’рбацо.

– Нæ дæ ниууадздзæнæн еунæгæй.

– Гъезæмарæгæнæги хузæ мин уодзæнæй… еуминкъий мин мæлæг уоди хузæ уодзæнæй. Уотæ уодзæнæй. Ма ’рбацо уони фæууинунмæ. Нецæмæн гъæуй…

– Нæ дæ ниууадздзæнæн.

Фал е катай кодта.

– Æз дин уотæ зæгъун… хелагæмæ гæсгæ дæр. Хуарз нæ ’й, ку дæбæл фæххуæца… Хелæгутæ фудзæрдæ ‘нцæ. Сæ зæрди дзæбæхæн фæххуæцун дæр зонунцæ…

– Нæ дæ ниууадздзæнæн.

Фал цæмæйдæр фæннифсгундæр æй:

– Раст зæгъун гъæуй, дуккаг хуæстæн син марг нæ фагæ кæнуй …

Уоци æхсæвæ Минкъий принц куд рандæ ’й, уой нæ бафеппайдтон. Æнæсибирттæй фæццидæр æй. Ку ‘й баййафтон, цудæй федарæй, тагъд къахдзæфтæй. Æрмæст бакодта:

– А! Ами дæ…

Æма мин мæ къохбæл æрхуæстæй. Фал бакатай кодта:

– Раст нæ кæнис. Зин дин уодзæнæй. Марди хузæн уодзæнæн, фал е æцæг нæ уодзæнæй …

Æз неци дзурдтон.

– Лæдæрис æй. Е æгæр идард æй. Аци бауæр фæххæссун мæ бон нæ ’й. Æгæр уæззау æй.

Æз неци дзурдтон.

– Фал е уодзæнæй, цума бæласæ æ зæронд цъарæ рагæлста, уоййау. Уоми æвгъайуагæй неци ес, зæронд цъæртти…

Æз неци дзурдтон.

Еуминкъий фæннифссаст æй. Фал ма уæддæр еу тухфæлварæн скодта:

– Е дæ зæрдæмæ хъæбæр фæццæудзæнæй. Æз дæр кæсдзæнæн стъалутæмæ. Стъалутæ еугур дæр уодзæнæнцæ изгæхуæрд цалхгин цъаййау. Стъалутæ мин еугур дæр дардзæнæнцæ дон…

Æз неци дзурдтон.

– Е уæхæн ходæг уодзæнæй æма! Дæумæ уодзæнæй фондзсæдæ милиуан дзæнгæрæги, мæнмæ ба уодзæнæй фондзсæдæ милиуан сауæдони…

Æма е дæр неци бал сдзурдта, уомæн æма кæугæ кодта…

– Ами ‘й. Бамæуадзæ еунæгæй еу къахдзæф ракæнун.

Æма æрбабадтæй, уомæн æма тæрсгæ кодта.

Сдзурдта ма:

– Зонис… мæ деденæг… æз уобæл дзуаппдæттæг дæн! Е ба уæхæн æнæхъаурæ ‘й! Æма уотæ æнæхийнæ ‘й! Цуппар синдземæй æндæр ибæл неци ес дуйней æхе багъæуай кæнунмæ…

Æз æрбадтæн, уомæн æма мæ мæ къæхтæ нæ бал уорæдтонцæ. Минкъий принц сдзурдта:

– Гъе уотæ… Фæцæй…

Еуминкъий ма радууердæмæ кодта, удта фестадæй. Еу къахдзæф ракодта. Мæ бон фезмæлун дæр н ‘адтæй.

Æ фадигъоли цори арвицæхæрау бор ферттивдæй уæлдай æндæр неци фæззиндтæй. Еу усмæ райзадæй æнæзмæлгæй. Гъæр нæ никкодта. Удта æрхаудтæй, сабургай, бæласæ куд фæххауй, уотæ. Æнæ унæрæй, зменсæбæл...



XXVII

Нур æхсæз анзи рацудæй… Некæд ма радзурдтон аци хабар. Ме ’нбæлттæ мæ сæрæгасæй ку фæууидтонцæ, уæд хъæбæр бацийнæ кодтонцæ. Æз ба æнкъард адтæн, фал син дзурдтон: «Фур фæлладæй уотæ дæн…».

Нур еуминкъий мæ зæрдæ фæффедар æй… Гъома… бунтон нæ ма. Фал, зонун æй, æ планетæмæ раздахтæй, уомæн æма ин боницъæхтæбæл æ бауæр не ссердтон. Уотæ уæззау бауæр дæр н ’адтæй… Æма æхсæвигонти уарзун стъалутæмæ игъосун. Цума фондзсæдæ милиуан дзæнгæрæги ’нцæ…

Фал ма си еу дессаги гъуддаг дæр ес: цъотта ку схузæ кодтон Минкъий принцæн, уæд ми цъоттайæн бæттæн схузæ кæнун феронх æй! Æма Минкъий принцæн фусбæл цъотта бакæнун æ бон некæд бауодзæнæй. Æма уæд мæхе бафæрсун: «Ци ’рцудæй цума æ планети? Ка’й зонуй, кæд фус деденæг бахуардта…».

Хатт мæхецæн фæззæгъун: «Нæ, неци хузи, нæ! Минкъий принц алли æхсæвæ дæр æ деденæг æмбæрзуй авгин

агъодæй æма дзæбæх æ цæстæ даруй æ фусмæ…». Уæд мæ зæрдæ байрайуй. Æма стъалутæ дæр еугур дæр фæлмæн фæхходунцæ.

Иннæ хатт ба мæхецæн фæззæгъун: «Адæймагæй еу хатт гъуддаг ку феронх уа, уæд е дæр фагæ ’й! Феронх кодта еу изæр авгин агъодæ æрæмбæрзун, кенæ фус райервазтæй æхсæвигон…». Уæд дзæнгæргутæ еугур дæр раййевунцæ цæстисугтæй!..

Устур сосæгдзийнадæ ес уоми. Куд мæнæн, уотæ сумахæн дæр, Минкъий принци ка уарзуй, уонæн, аци дуйней алцидæр раййевдзæнæй, еу фус, зонгæ дæр ке нæ кæнæн, е, еу рауæн, ка ин ци зонуй, кæми, ку бахуæра кенæ ку нæ бахуæра еу деденæг…

Скæсетæ арвмæ. Бафæрсетæ уæхе: фус деденæг бахуардта æви нæ? Æма фæууиндзинайтæ, алцидæр куд раййевдзæнæй…

Æма устуртæй еунæг дæр некæд балæдæрдзæнæй, е цæййасæ ахсгиаг гъуддаг æй, уой!

А æй, мæнмæ гæсгæ, дуйней тæккæ рæсугъддæр æма тæккæ æнкъарддæр пейзаж. Раздæри фарсбæл пейзажи хæццæ еу æй, фал ма ’й нæуæгæй еу хатт схузæ кодтон сумахæн дзæбæхдæр фæууинун кæнунмæ. Аци рауæн Минкъий принц сæмбалдæй Зæнхæбæл, уой фæсте ба тари дæр ардигæй фæцæй.

Æркæсетæ лæмбунæг аци пейзажмæ, цæмæй уæ нифс уа, Африкæмæ зменсбудурмæ ку бахауайтæ, уæд æй ке базондзинайтæ, уомæй. Æма уин абæлти цæугæ ку фæууа, уæд уи корун, тагъд ма кæнетæ, еуминкъий бангъæлмæ кæсетæ стъалуй тæккæ бунмæ! Æма уæмæ сабий ку ’рбацæуа, ходгæ ку кæна, сугъзæрийнæ сæригъунтæ ин ку уа, уæ фарстатæн уин дзуапп ку нæ дæтта, уæд уайтагъддæр базондзинайтæ, ка æй, уой. Æма уæд, уæ хуарзæнхæй! Ма мæ ниууадзетæ атæ æнкъардæй: тагъд мæмæ ниффинсетæ, фæстæмæ ке ’рæздахтæй, уой…

Антуан Мари Жан-Батист Роже де Сент-Экзюпери (Antoine Marie Jean-Baptiste Roger de Saint-Exupéry) райгурдæй 1900 анзи 29 июни Лиони (Франц) аристократон бийнонти æхсæн. Адтæй граф Жан де Сент-Экзюперийи æртиккаг сувæллон. Æ фидæ рамардæй, Антуанбæл цуппар анзи ку цудæй, уæд, æма биццеуи гъомбæл кодта æ мадæ. Æ сабийбонтæ рарвиста Сен-Мориси, Лионмæ хæстæг.

1909–1914 анзти Антуан ахур кодта иезуитти коллежи Ле-Мани, уой фæсте Швейцарий сæрмагонд ахурадон уагæдони.

Коллежи бакалаври къæпхæн райсуни фæсте, Антуан цалдæр анзи ахур кодта Аййевæдти академий архитектурон хайади, уой фæсте бацудæй рæнгъон салдатæй авиацион æфсæдтæмæ.

1923 анзи ин равардтонцæ тæхæги бæлвурдгæнæн.

1926 анзи ‘й службæмæ райстонцæ авиацион кустуæтти Генералон къуармæ. Сент-Экзюпери тахтæй Тулуза-Касабланкæй почти уæлдæфон фæндæгтæбæл.

1929 анзи сентябри Сент-Экзюпери нисангонд æрцудæй Буэнос-Айреси францаг авиакомпани «Аэропосталь-Аргентинæ»-й хайади директорæй.

1933–1934 анзти адтæй тæхæг-фæлварæг, сæнхæст кодта цалдæр дæргъвæтин ратахти, бахауидæ аварити, цалдæр хатти фæцæй уæззау цæфтæ.

1935 анзи декабри Парижæй Сайгонмæ дæргъвæтин ратахти рæстæг Антуан де Сент-Экзюперийи хуæдтæхæг æрхаудтæй

Ливий æдзæрæг рауæни æма ниппурх æй, æхуæдæг ба фæййервазтæй.

1930-аг æнзти æмбесæй фæстæмæ куста куд журналист: 1935 анзи апрели адтæй Мæскуй куд газет «Пари-суар»-и сæрмагонд уацхæссæг æма æ цуди хабæрттæ æрфинста цалдæр очеркеми; 1936 анзи, тугъдон уацхæссæг уогæй, ниффинста къуар тугъдон репортажи Испанæй, уæд уоми цудæй медтох.

Дуккаг дуйнеон тугъд ку райдæдта, уæд капитан Сент-Экзюпери мобилизацигонд æрцудæй æфсадмæ, фал æй бæззонбæл банимадтонцæ æрмæст зæнхæбæл службæ кæнунмæ. Æ бастдзийнæдтæй спайда кæнгæй, Сент-Экзюпери байархайдта, цæмæй æй снисан кæнонцæ авиацион сгарæг къуармæ.

1940 анзи маййи е хуарзæнхæгонд æрцудæй Тугъдон дзиуарæй «Тугъдон скъуæлхтдзийнæдти тухх æй».

1940 анзи, Франц немуцаг фашистон æфсæдтæй оккупацигонд ку рцудæй, уæд рандæй АЕШ-мæ.

1943 анзи Сент-Экзюпери Америкæй рандæй Алжирмæ, уоми æхе дзæбæх кодта. Уордигæй сæрди фæстæмæ æрбаздахтæй Мароккой æрæнцайæг æхе авиацион къуармæ.

Ратахтитæн барæ райсуни тухх æй устур зиндзийнæдтæ бавзаруни фæсте, францаг Нихмæлæуди дзурддзæугæ архайгути æнхусæй, Сент-Экзюперийæн барæ лæвæрд æрцудæй æ райгурæн Прованси райони фондз сгарæг ратахти сæнхæст кæнун, знаги коммуникацитæ æма æфсæдти аэрохузиститæ скæнгæй.

1944 анзи 31 июли сæумæй Сент-Экзюпери рараст æй сгарæг ратахти Корсикæй сакъадах Боргойи аэродромæй.

Хуæдтæхæг æ базæмæ нæбал æрбаздахтæй, æма ин æ тæхæги банимадтонцæ æбæрæгæй фесæфæгбæл. Æрмæст 1998 анзи 70 метри æрфæни æнæнгъæлæги разиндтæнцæ æ хуæдтæхæги ихæлддзæгтæ, æвзестæ цонгдарæн финсæги æма æ бийнойнаг Консуэлой нæмтти хæццæ.

Антуан де Сент-Экзюперий фиццаг радзурд «Тæхæг» мухури фæззиндтæй 1926 анзи, 1929 анзи ба е бадзурд бафинста киунугæуадзæг Гастон Гиллимари хæццæ æ авд романи рауадзуни тухх æй.

Еци анз ин рацудæй роман «Хонсайраг постласæг».

1930 анзи феврали рохс фæууидта æ киунугæ «Адæни планетæ», автобиографион эссети æмбурдгонд.

1942 анзи феврали АЕШ-и рацудæй æ киунугæ «Тугъдон тæхæг». Уой фæсте уалдзæги кæрон Сент-Экзюперийæн рауагъдадæ Рейналь-Хичхок баихæс кодта ниффинсун аргъау сувæллæнттæн. Е бафинста контракт æма райдæдта косун философон-лирикон аргъау «Минкъий принц»-бæл автори иллюстрацити хæццæ.

1943 анзи апрели «Минкъий принц» мухургонд æрцудæй АЕШ-и.

Еци анз рацудæй æ уацау «Финстæг аманатмæ».

Уой фæсте Сент-Экзюпери куста уацау «Цитадель»-бæл (кæронмæ финст не ’рцудæй, мухури фæззиндтæй 1948 анзи).

* * *

1930 анзи Антуан де Сент-Экзюпери иссæй Франци Кадгин легиони кавалер, 1939 анзи ба – Кадгин легиони офицер.

1930 анзи æ киунугæ «Адæни планетæ» АЕШ-и бæрæггонд æрцудæй Францаг академий премийæй æма афæдзи националон премийæй.

1931 анзи иссæй кадгин литературон преми «Феминæ»-й лауреат æ роман «Æхсæвигон ратахт»-и тухх æй.

Хъамболти Тамерлан

АНТУАН ДЕ СЕНТ-ЭКЗЮПЕРИ

Минкъийпринц

Аргъау автори хузти хæццæ

Францаг æвзагæй тæлмац

Тæлмацгæнæг

Хъамболти Тамерлан

Выпускающий редактор *М. В. Джуссойти*
Редактор *Э. Б. Скодтаев*
Корректор *О. О. Будаев*
Компьютерная верстка *Д. Сохион*

Подписано в печать 19.04.17 г . Формат 70х100/16.
Бумага офсетная. Гарнитура Школьная.
Тираж 1000 экз. Заказ №
Издательство «СЕМ». 362027, РСО-Алания,
г. Владикавказ, ул. Тамаева, 40.
Тел.: (8672) 54-07-70, 54-38-39,
e-mail: shem_vl@mail.ru, www.allon-billon.ru

Отпечатано с готовых файлов заказчика в
типографии «Медиаграф».
г. Ростов-на-Дону. www.media-polis.ru